| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
| --- | --- | --- |
| Руководитель МО «Начальные классы» | Зам. директора по УВР | Директором школы |
| Шамсудинов М.И | Магомедмусаева М.И | Омарова З.М |
| Протокол №1 от «31» августа 2023 г. | Протокол №1 от «31» августа 2023 г. | Приказ №20 от 01.09 2023г. |

Календарно-тематическое планирование **«Родной язык»** 1 класса (2023-2024 год)

36 часов за год

(В неделю 1 час )

Учитель начальных классов: **Халажова М.Х**

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
| --- | --- | --- |
| Руководитель МО «Начальные классы» | Зам. директора по УВР | Директором школы |
| Шамсудинов М.И | Магомедмусаева М.И | Омарова З.М |
| Протокол №1 от «31» августа 2023 г. | Протокол №1 от «31» августа 2023 г. | Приказ №20 01. 09 2023г. |

Календарно-тематическое планирование **«Родное чтение»** 1 класса (2023-2024 год)

33 часов за год

(В неделю 1 час )

Учитель начальных классов: **Халажова М.Х**

# АВАР МАЦ1АЛЪУЛ ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН

**2саг1ат анкьида жаниб (кинабниги 66 саг1ат)**

**Т1ехь – Авар мац1 «Букварь». 1 класс. Г1аммаб лъай кьолеб школалъул ц1алул пособие. Автор Х1.С. Вакилов. Москва Санкт-Петербург , Просвещение 2019**

Программаялъе баян

Программа хIадур гъабуна байбихьул школалда тIуразаризе хIисабалде росарал хIасилалги, Обществоялда инсанасул рухIияб рахъ, хьвадачIвадиялъул къагIидаби церетIеялъул ва гьесие тарбия кьеялъул концепцияги, Байбихьул школалъул лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандартги Х1.С. Вакиловасул авторскияб программаги кьочIое росун.

**Учебно-тематический комплект:**

1 класс авар мац1 «Букварь» - Х1.С.Вакилов
1-4 классы - Х1.С.Вакилов "Авар мац1"
1 классалда 66 сагIат кьун буго, анкьида жаниб 2 саг1ат, ц1алул анкь – 33.

**Курс лъугIун хадуб кьолел хIасилал**

Байбихьул школа лъугIарал цIалдохъаби гьал хадусел хIасилазде щола:

**Напсиял хIасилал**

1. Жиндирго ВатIаналдаса, Россиялъул ва Дагъистаналъул миллатаздаса гьезул тарихалдаса чIухIиялъул асар бижизаби, жив цо кинаб бугони къавмалъул ва миллаталъул чи вукIин бичIчIи.
2. Цоцазда рухьарал, амма цоцазда релълъинчIел тIабигIаталдехун, миллатаздехун, маданиятаздехун ва диназдехун цолъи цIунараб, айкIибикьичIеб, обществоялда гIадамазул гIумруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб бербалагьи бижизаби.
3. Цогидал миллатазул маданияталдехун ва гьезул тарихалдехун, гьединго батIияб пикруялдехун цIуна-къараб балагьи бижизаби.
4. ЦебетIун хисулеб дунялалде черх ругьунлъизаби.
5. ЦIалиялдехун интерес бижизаби.
6. Обществоялда чиясул хьвада-чIвадиялъул къагIидабазул ва гIадамазул гIумруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб (ай социалияб)ритIухълъиялъулги эркенлъиялъулги кьучIалда жинца гьарурал ишазул жавабчилъиги жибго жиндаго чIараб, цогиялда бухьинчIебхасиятги цебетIезаби
7. Эстетикиял бичIчIиял, хIажалъаби ва бечелъаби лъугьинари.
8. Цогидал гIадамазе кумекалъе хIадурав, ният лъикIав, хIалхъублъи гьечIев, гIадамазе лъикIлъи гьабулев инсан вахъинави.
9. ГIел бащадазда ва цIикIкIаразда цадахъ хIалтIизеги щулияб гьоркьоблъи гьабизеги бугеб бажари цебетIезаби, тIадкIалъай бугеб, дагIбадулаб ахIвал-хIалалдаса ворчIизе нух батиялъул бажари цебетIезаби.
10. ХIинкъи гьечIеб, паракъатаб, чорхое (сахлъиялъе) пайдаяб гIумру гьабизе

мурад лъей; творческияб хIалтIуде гъира ккезаби, ай творческияб къагIидаялъ хIалтIизе бугеб бажари цебетIезаби; материалиял ва рухIиял бечелъабазул тIалаб-агъаз гьабизе бажари.

## Метапредметиял хIасилал

1. ЦIалиялъул мурадал ва масъалаби цере лъезе ва гьел тIуразариялъул къагIидаби ралагьизе бажари.
2. Цебе лъураб масъалаялде ва гьеб масъала тIубазабиялъул шартIазде балагьун, жиндирго цIалиялда рухьарал ишазе къимат кьезеги, гьезда хадуб хал кквезеги, гьезул план гьабизеги бугеб бажари лъугьинаби.
3. Информация кьезе ишараялъулгин символикиял алатаздаса пайда боси.
4. Хурхен гьабиялъул, ай бухьеналъулал ва нахъгIунтIиялъулал масъалаби тIуразе, каламалъул алатал жигаралда хIалтIизари.
5. Информация балагьиялъул (баян кьолел тIахьаздаса), гьеб бакIариялъул, гьелда тIад хIалтIиялъул, гьелъул анализ гьабиялъул, гьеб гIуцIиялъул ва кьеялъул, гьелъул магIна бичIчIизабиялъул батIи-батIиял къагIидаби хIалтIизари.
6. Цере лъурал мурадазда ва масъалабазда рекъон, батIи-батIиял стилалъул ва жанразул текстал бичIчIун цIализе бажари.
7. Цо чIванкъотIарал предметметал дандекквезеги, гьезул анализ ва синтез гьабизеги, гьел гIаммлъизаризеги, кинал ругониги гIаламатаздалъун тIелазде рикьизеги, цоцада релълъинаризеги, гIиллаялъулабгин цIех-рехалъулаб бухьен чIезабизеги, гьезда тIаса пикрузагьир гьабизеги бажари, ай логикиял хIалтIаби гьаризе лъай.
8. Накъиталъе гIахьаллъи гьабулев чиясухъ гIенеккизеги, диалогалъулъ гIахьаллъизеги, батIи-батIиял пикраби рукIиналъе ва щибасул жиндирго хасаб пикру загьир гьабизе ихтияр букIиналъе мукIурлъизеги, жиндирго пикру загьир гьабизеги, гьелъие далил бачинеги разилъи.
9. ГIаммаб мурад цебе лъезеги гьеб тIубазабиялъул нухал ралагьизеги бажари; цадахъ гьабулеб хIалтIи щибасда гьоркьоб бикьизе, къотIи-къай гьабизеги, цадахъаб хIалтIулъ цоцазда хадуб хал кквезеги, данд рекъон кколеб хIалалъ жиндир ва сверухъ ругезул хьвада-чIвадиялъе къимат кьезеги бажари.
10. Лъилниги рахъ кквечIого, щивас загьир гьабураб пикруги хIисабалде босун, дагIба-рагIи къотIизе бажари.
11. Предметиял ва предметазда гьоркьосел аслиял бичIчIиял лъай.
12. ЦIалулъ жинца кьолел лъикIал яги квешал хIасилазул гIилла бичIчIизеги, нагагьлъун цIалулъ нахъе ккани, гьениса ворчIизеги бажари.

## Предметиял хIасилал

1. Россиялда ва Дагъистаналда батIи-батIиял мацIал ва маданиятал рукIинги, гьел цоцада рухьарал рукIинги, мацI щибаб миллаталъул аслу кколеблъиги бичIчIи.
2. МацI миллияб маданияталъул аслуги гIадамал цоцада ричIчIиялъул ва гьезда гьоркьоб бухьен чIезабиялъул алатги кколеблъи цIалдохъабазда бичIчIи; авар мацI Дагъистаналъул пачалихъияб мацI кколеблъиги, гьелъ магIарулазул миллатал цоцада рухьинарулеблъиги лъай.

3. Авар мацӀалъул (битӀунабиялъул, лексикаялъул, грамматикаялъул, битӀунхъваялъул, лъалхъул ишараби лъеялъул) нормабазул ва каламалъул этикаялъул къагӀидабазул хӀакъалъулъ авалиял баянал лъай.
4. Инсанасул гражданлъи ва гӀаммаб культура бихьизабулеб гӀаламат хӀисабалда битӀараб кӀалзул ва хъвавул каламалдехун лъикӀаб бербалагьи букӀинаби.
5. ЗахӀматал гурел текстал гӀуцӀулаго, бухьеналъулал масъалаби тӀуразаризе, дандекколел мацӀалъул алатал тӀаса рищизеги, цогидазда кӀалъалаго, цере лъурал мурадазул, масъалабазул ва мацӀалъул алатазул хӀисаб гьабизеги бажари.
6. ГъалатӀал гьечӀеб хъвай-хъвагӀаялъ жиндирго культураялъул даража загьир гьабулеблъи бичӀчӀи; текстал хъвалаго, лъалхъул ишараби лъеялъул ва битӀунхъваялъул къагӀидабаздаса (правилабаздаса) пайда боси. Хъвараб жоялъул хал гьабизе бажари.
7. Фонетикаялъул ва графикаялъул, лексикаялъул, рагӀи лъугьиналъул (морфемикалъул), морфологиялъул ва синтаксисалъул; мацӀалъул аслиял бутӀабазул, гьезул гӀаламатазул ва гьел каламалъулъ хӀалтӀизариялъул хаслъабазул хӀакъалъулъ авалиял баянал лъай.
8. МацӀалъул грамматикиял категориял, гьелъул аслиял бутӀаби ратӀа рахъизе лъаялъул ва гьезул анализ гьабиялъул бажариял лъугьинари.

**Курс лъазабун лъугӀун хадуб кьолел хӀасилал**

**ЦӀалдохъаби ругьунлъула:**

- кӀалзулги хъвавулги калам батӀабахъизе;
- хӀарпалги гьаркьалги ратӀарахъизе;
- рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратӀарахъизе;
- гьаркьал хӀарпаздалъун рихьизаризе, гьаркьазул анализ гьабизе;
- геминатал битӀун абизе ва гьел хӀарпаздалъун рихьизаризе;
- лабиалиял гьаркьал битӀун абизе, гьел хӀарпаздалъун рихьизаризе;
- къокъаб тексталъулъ предложениял ратӀа гьаризе;
- предложение гӀуцӀизе (бицун);
- предложениялъулъ рагӀаби рихьизаризе;
- схемабаздаса пайдаги босун, рагӀи слогазде биххизе;
- слогалккун рагӀи цӀияб мухъиде босизе;
- предложениялъул интонация цӀунизе;
- тексталъул тема баян гьабизе, гьелъул аслияб пикру загьир гьабизе, текст бицине;
- хасал цӀаразул бетӀералда кӀудияб хӀарп хъвазе;
- тексталъулъ цоцазда рухьарал магӀнаялъул рахъалъ дандекколел рагӀабазда хадуб халkквезе;
- сураталдасан яги гӀумруялъулъ лъугьараб асаралдасан текст гӀуцӀизе, тексталъе цӀар ургъизе, гьелъие суалал лъезе;
- форма хисарал предложениял ва текстал гъоркь рукӀахъе къачӀазе ва гьезул анализ гьабизе;
- рагӀабаздасан предложение, предложенияздасан текст гӀуцӀизе ва гьезуланализ гьабизе;

- мугIалимасул кумекалдалъун абулеб къагIидаги хъвалеб куцги батIиял рагIаби баян гьаризе, битIун хъван ругищали хал гьабизе кколел рагIаби ратизе;
- предметал, предметазул гIаламатал, гьезул ишал рихьизарулел рагIабазе суалал лъезе, гьел рагIабазе къваригIарал магIнаялъулал суалал тIаса рищизе.

### Курсалъул материал

**Хъвай-цIали малъи**

Хъвай-цIали малъи гIуцIун буго кIиго бутIаялдасан:

1. ХIадурлъиялъул заман.

2. ХIарпал малъулеб (букварияб) заман.

Хъвазе-цIализе малъула гьаркьилаб аналитикиябгун синтетикияб методалдалъун. Хъвай-цIали малъи ккола цадахъаб тадбир: цIализе малъиялда цадахъ хъвадаризеги ругьун гьарула, гьебги щулалъизе гьабула калам цебетIезабиялъул хIалтIаби тIоритIулаго, ай гьаркьаздасан рагIи, рагIабаздасан предложение, предложениял дандран хабар гIуцIизе ругьун гьарулаго.

**Фонетика.** Каламалъул гьаркьал ва гьезул характеристика. РагIул магIнаги гьелъул гьаркьилаб гIуцIиги цоцада рухьарал рукIин бичIчIи. РагIулъ жалго жидедаго чIарал гьаркьал рихьизари. РагIулъ гьаркьазул къадар ва тартиб чIезаби, сипат-суратаблъулалгин символиял схемабазулъ гьел хъвай. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратIа гьари. Гьел схемабазулъ рихьизари. Абиялъул бищунго гьитIинаб бутIа хIисабалда слог. РагIаби слогазде риххи, рагьарал, къарал ва рахарал слогал. Ударение. РагIулъ ударение тIаде кколеб бакI бихьизаби, ударение бугелги ударение гьечIелги слогал ратIа рахъи, РагIабазул слогалъулабгин гьаркьилаб анализ гьабизе (рагIулъ гьаркьазул къадар чIезабизе, рагIул бетIералда, бакьулъ, ахиралда букIаниги, гьеб гьаракь бугеб бакI лъазе, ударение бугеб слог бихьизабизе) лъай.

**Графика.** Гьаркьал ва хIарпал ратIа рахъи: хIарп гьаркьил ишара ккола. Гьаркьал хIарпаздалъун рихьизаризе бажари. Е, ё, ю, я рагьарал хIарпал. Ъ гьаракь ва х1арп. Ь хIарп. Гьез тIубалеб хъулухъ. Авар алфавиталъулгун (хIарпазул тартибалъулгун) лъай-хъвай гьаби.

**ЦIали.** Слогалккун цIалиялъул бажари лъугьинаби. Лъимералъул хасаб темпалда дандекколеб хехлъиялда слогалккун ва рагIабиккун цокIалаяб цIали. РагIаби, рагIабазул дандраял, предложениял ва къокъал текстал бичIчIун цIали. Лъалхъул ишарабазда рекъон лъалхъи гьабун ва интонация цIунун, цIали. ЗахIматал гурел гьитIинал текстал ва кучIдул бичIчIун ва пасихIго цIалиялъул бажари цебетIезаби. Живго жиндаго чIун яги мугIалимасул кумекалдалъун цIалараб текст, такрар гьабун (ай цIидасан), бицин. РагIаби, къокъал предложениял, захIматал гурел гIитIинал текстал гIедегIичIого битIун цIализе ругьун гьари. МугIалимас абун яги тIаде балагьун, хъвараб жо хал гьаби мурадалда хал кквезе, битIунхъваялъул къагIидабиги цIунун, цIализе ругьун гьари.

**Хъвадари.** Хъвадарулаго битIун гIодор чIезе, тетрадь партаялда лъезе, ручка, къалам битIун кквезе лъимал ругьун гьари. КIудиял ва гьитIинал хIарпал битIун хъвазе ва гьел рагIабазулъ цолъизаризе бажари. Гигиеналъул нормабиги цIунун, хIарпал, слогал, рагIаби, предложениялхъвазе ругьун гьари. БацIцIадаб ва бичIчIулеб (ай бигьаго цIализе кIолеб) хатIалъ хъвадаризе лъай. Цин мугIалимас тетрадазда кьурал, цинги азбукаялда ругел рагIаби ва предложениял, тIаде балагьун, хъвазе лъай. МугIалимас абурал рагIухъе хъвалел рагIаби ва гьединал рагIабаздаса данде гьарурал предложениял хъвазе бажари. Текст, тIаде балагьун битIун хъваялъул тартиб ва къагIидаби лъай. ХIарпаздалъун рихьизаруларел графикиял гIаламатаз (ай рагIабазда гьоркьоб хутIараб чIобогояб бакIалъ, рагIаби цо мухъидаса цоги мухъиде рикьун росиялъул ишараялъ) тIубалеб хъулухъ бичIчIи.

**РагIи ва предложение.** РагIи анализ гьабиялъул материал ва цIех-рех гьабиялъул предмет (ай объект) кколеблъи бичIчIи. РагIул лексикияб магIнаялда хадуб халкквей.РагIи гьаркьаздасан гIуцIун букIунеблъи лъай. Цоцазулгун гьоркьоблъи гьабиялъулъ рагIул бугеб кIвар лъай. Предметал, предметазул гIаламатал ва предметазул ишал рихьизарулел рагIаби каламалъулъ битIун хIалтIизаризе бажари. РагIаби ва предложениял ратIарахъизе бажари. Предложениялъулъ рагIаби ратIа гьаризе, гьезул тартиб хисизе бажари. Предложениялъулъ интонация цIунизе лъай.

## БИТ1УНХЪВАЙ

ТIоцебесеб классалда гьал хадусел битIунхъваялъул къагIидабазулгун лъай-хъвай гьабула:

- рагIаби ратIатIун хъвай;
- геминатал ва лабиалиял гьаркьал хIарпаздалъун рихьизари;
- хасал цIаразул бетIералда ва предложениялъул авалалда кIудияб хIарп хъай;
- рагIаби слогалккун цо мухъидаса цоги мухъиде роси;
- предложениялъул ахиралда лъалхъул ишараби.

**Калам цебетIезаби.** Тексталъул хIакъалъулъ авалияб бичIчIи. Тексталъулъ предложениял ратIа гьари. Тексталъулъ предложениял цолъизари. ГIенеккун рагIараб ва жинцаго цIалараб текст бичIчIи. Берзулгин сипатиял мисалазул (моделазул) кумекалдалъун каламалъул хIакъалъулъ авалияб бичIчIи лъугьин. Схемазул кумекалдалъун калам магIна бугел бутIабазде биххи. Предложенияздасан бухьараб текст гIуцIи. Жиндир гIумруялъулъ ккарал лъугьа-бахъиназул, хIаязул хIакъалъулъ, сюжетияб сураталдасан гьитIинабго хабар херхине бажари. БицанкIабазе жавабал кьезе, кучIдул рекIехъе лъазаризе; кицаби, абиял каламалъулъ хIалтIизаризе, рекIехъе лъазарурал кучIдул пасихIго рикIкIине бажари.

## Авар мацIалъул курс

**I класс**

**РагIи. Предложение. Текст.** Калам. ГIадамазе калам сундуе къваригIун бугеб. Каламалъул бутIа хIисабалда рагIи. МагIнаялъул рахъалъ данде кколелрагIаби цоцазда рухьин. Каламалъул бутIа хIисабалда предложение, текст ва гIумруялда жаниб гьезул бугеб кIвар.

**РагІабазул бетІералда кІудияб хІарп.Гьаркьал ва хІарпал.** Гьаркьал ва хІарпал. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Рагьарал варагьукъал гьаркьал рихьизарулел хІарпал. Авар мацІалъе хасиятал рагьукъал гьаркьал: [гь], [гъ], [гІ], [кь], [къ], [кІ], [лъ], [тІ], [хь], [хъ], [хІ[, [цІ], [чІ]. Геминатал ва гьел рихьизарулел хІарпал: кк, кІкІ, лълъ, сс, хх, цц, цІцІ, чч, чІчІ. Лабиалиял гьаркьал ва гьел рихьизарулел хІарпал: гв, кв, ккв, кІв, кІкІв, къв, кьв, св, хв, хъв, хьв, щв, шв, гъв, гьв, гв, чв, чІв, цв, цІв.

**РагІи ва слог**. Слогалккун рагІаби цІияб мухъиде роси.

**Каламалъул бутІаби**. Щив? щий? щиб? щал? абурал суалазе жаваблъун рачІунел рагІаби предметал рихьизарулел рагІаби ккей. Кинав? кинай? кинаб? кинал? абурал суалазе жаваблъун рачІунел рагІаби предметазул гІаламатал рихьизарулел рагІаби ккей. Щиб гьабураб? Щиб лъугьараб? Щиб гьабулеб бугеб? Щиб лъугьунеб бугеб? абурал суалазе жаваблъун рачІунел рагІаби предметалъул иш бихьизабулел рагІаби ккей

**Учебно-тематикияб план (Хъваялъул дарсал)**

| № | Главаялъул ц1ар | **Саг1тал** |
|---|---|---|
| 1 | **Букварияб заман.**<br>*ХІадурлъиялъул заман*<br>*ХІарпал малъулеб заман* | **51**<br>*6*<br>*45* |
| 2 | **Каламалъул бут1абазул х1акъалъулъ баян.** | **15** |
| | **Кинабниги** | **66** |

# Авар мац1алъул календарно-тематикияб план <u>1 класс</u>

**(** анкьида жаниб 1 саг1ат, кинабниги – 36 саг1ат)

| № | Дарсил тема | Са г1ат | Къо-мо[illegible] |
|---|---|---|---|
| | **Букварияб заман** | | |
| | **XIадурлъиялъул заман (4 с )** | | |
| 1 | ***Берцинхъваялъул т1оцебесеб тетрадь х1алт1улаб мухъ.***<br>*Т1ехь гь.3-5 Б / хъ гь.1* | 1 | |
| 2 | ***Хоноккараб гургинлъи бащадаб элемент хъвай.***<br>*Т1ехь гь.6 Б / хъ гь.2* | 1 | |
| 3 | ***Халатал ва къокъал гьет1арал х1уччал.***<br>*Т1ехь гь.7-9 Б / хъ гь.3* | 1 | |
| 5 | ***Гъоркьан ва т1асан к1ич1арал гьет1арал х1уччал.***<br>*Т1ехь гь.12-13 Б / хъ гь.5* | 1 | |
| | **XIарпал малъулеб заман ( 28 с )** | | |
| 6 | ***ГьитIинаб ва кIудияб а, А О,о х1арпал хъвай.***<br>*Т1ехь гь.16-17 Б / хъ гь.7-8* | 1 | |
| 7 | ***ГьитIинаб ва кIудияб и, И х1арпал хъвай.***<br>*Т1ехь гь.20-21 Б / хъ гь.10-11* | 1 | |
| 8 | ***ГьитIинаб ва кIудияб у, У Е,е х1арпал хъвай.***<br>*Т1ехь гь.22-24 Б / хъ гь.9-10* | 1 | |
| 9 | ***ГьитIинаб ва кIудияб н, Н М,м х1арпал хъвай.***<br>*Т1ехь гь.27-28 Б / хъ гь.12-14* | 1 | |
| 10 | ***ГьитIинаб ва кIудияб Б,б л, Л х1арпал хъвай.***<br>*Т1ехь гь.32-33 Б / хъ гь.17 гь 18* | 1 | |
| 11 | ***ГьитIинаб ва кIудияб г, Г Р,р х1арпал хъвай.***<br>*Т1ехь гь.36-37 Б / хъ гь.19-20 гь 22* | 1 | |
| 12 | ***ГьитIинаб ва кIудияб с, С Т,т х1арпал хъвай.***<br>*Т1ехь гь.40-42 Б / хъ гь.23-25 гь27* | 1 | |
| 13 | ***ГьитIинаб ва кIудияб х, Х З,з х1арпал хъвай.***<br>*Т1ехь гь.46-47 Б / хъ гь.28-29 гь 30* | 1 | |
| 14 | ***ГьитIинаб ва кIудияб э, Э Й,йх1арпал хъвай.***<br>*Т1ехь гь.50-51 Б / хъ гь.31* | 1 | |
| 15 | ***ГьитIинаб ва кIудияб ж, Ж х1арпал хъвай.***<br>*Т1ехь гь.54-56 Б / хъ гь.1-2* | 1 | |
| 16 | ***ГьитIинаб ва кIудияб ш, Ш К,к х1арпал хъвай.***<br>*Т1ехь гь.60-61 Б / хъ гь.4 гь 5* | 1 | |
| 17 | ***ГьитIинаб ва кIудияб щ, Щ Ц,ц х1арпал хъвай.***<br>*Т1ехь гь.62-63 Б / хъ гь.5 гь10* | 1 | |
| 18 | ***ГьитIинаб ва кIудияб г1, Г1 Т1 т! х1арпал хъвай.***<br>*Т1ехь гь.67-69 Б / хъ гь.6* | 1 | |
| 19 | ***ГьитIинаб ва кIудияб в, В Д,д х1арпал хъвай.***<br>*Т1ехь гь.74-75 Б / хъ гь.8* | 1 | |
| 20 | ***ГьитIинаб ва кIудияб к1, К1 х1арпал хъвай.*** | 1 | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | *Т1ехь гь.78-80 Б / хъ гь.9* | | |
| ***21*** | ***ГьитIинаб ва кIудияб х1, Х1 Гь,гь х1арпал хъвай.*** *Т1ехь гь.81-83 Б / хъ гь.13* | ***1*** | |
| ***22*** | ***ГьитIинаб ва кIудияб лъ, Лъ Ч,ч х1арпал хъвай.*** *Т1ехь гь.87-89 Б / хъ гь.17* | ***1*** | |
| ***23*** | ***ГьитIинаб ва кIудияб я, Я Ц1, ц1х1арпал хъвай.*** *Т1ехь гь.92-94 Б / хъ гь.19* | ***1*** | |
| ***24*** | ***ГьитIинаб ва кIудияб п, П Ч1,ч1 хIарпал хъвай.*** *Т1ехь гь.99-101 Б / хъ гь.21* | ***1*** | |
| ***25*** | ***ГьитIинаб ва кIудияб хъ, Хъ хIарпал хъвай.*** *Т1ехь гь.106-108 Б / хъ гь.25* | ***1*** | |
| ***26*** | ***ГьитIинаб ва кIудияб къ, Къ х1арпал хъвай.*** *Т1ехь гь.109-112 Б / хъ гь.27* | ***1*** | |
| ***27*** | ***ГьитIинаб ва кIудияб хь, Хь х1арпал хъвай.*** *Т1ехь гь.113-115 Б / хъ гь.28* | ***1*** | |
| ***28*** | ***ГьитIинаб ва к!удияб кь,Кь х1арпал хъвай.*** *Т1ехь гь.116-117 Б / хъ гь.29* | ***1*** | |
| ***29*** | ***ГьитIинаб ва кIудияб гъ,Гъ Ф,ф х1арпал хъвай.*** *Т1ехь гь.118-121 Б / хъ гь.30* | ***1*** | |
| ***30*** | ***ГьитIинаб ъ, ы,ь х1арпал хъвай.*** *Т1ехь гь.124-125 Б / хъ гь.26* | ***1*** | |
| ***31*** | ***ГьитIинаб ва кIудияб ю, Ю,е, Е х1арпал хъвай.*** *Т1ехь гь.126-127 Б / хъ гь.31* | ***1*** | |
| ***32*** | ***Гьаркьал ва х1арпал. К1в, щв, кв лабиалиял гьаркьал бит1ун хъвай.*** *Т1ехь гь.11,14-15 Б / хъ гь.132* ***Гв, гъв, св, чв, ч1в х1арпалгун раг1аби хъвай.*** *Т1ехь гь.133-135 Б / хъ гь.23-24* | ***1*** | |
| | **<u>Каламалъул бут1абазул х1акъалъулъ баян</u>** | ***4*** | |
| ***33*** | ***Авар алфавит. Раг1и. Предложение. Текст.*** *Т1ехь гь. 10-14* *Т1ехь гь.5-9* | ***1*** | |
| ***34*** | ***Гьаркьал ва х1арпал . Щив?Щий?Щиб? Щал? абурал суалазе жаваблъун рач1унел раг1аби.*** *Т1ехь гь.42-45* *Т1ехь гь.25-29* | ***1*** | |
| ***35*** | ***Кинав?Кинай?Кинаб?Кинал? абурал раг1абазе жаваблъун рач1унел раг1аби.*** *Т1ехь гь.46-48* | ***1*** | |
| ***36*** | ***Диктант.*** ***Щиб гьабураб ? Щиб лъугьараб? абурал раг1абазе жаваблъу рач1унел раг1аби.*** *Т1ехь гь.49-51* | ***1*** | |

**Авар каламалъул**
**календарно-тематикияб план**

# 1 класс

( анкьида жаниб 1 саг1ат, кинабниги – 33 саг1ат)

| | | | |
|---|---|---|---|
| | **Букварияб заман** | ***27*** | |
| | **ХIадурлъиялъул заман (4 с )** | | |
| ***1.*** | ***Букваралъулгун лъай – хъвай гьаби. Калам К1алзул ва хъвавул калам.*** *Т1ехь гь.4-5* | ***1*** | |
| ***2.*** | ***Предложение. Предложение ва раг1и.*** *Т1ехь гь.6-9* | ***1*** | |
| ***3.*** | ***Раг1и ва слог. Каламалъул гьаркьал.*** *Т1ехь гь.10-13* | ***1*** | |
| ***4.*** | ***Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Слогалъул гьаркьал цоцалъ журай.*** *Т1ехь гь.14-15* | ***1*** | |
| | **ХIарпал малъулеб заман ( 23 с )** | | |
| ***5.*** | ***А ,О, И, У, Е гьаркьал ва х1арпал*** *Т1ехь гь.16-26* | ***1*** | |
| ***6.*** | ***Н, М гьаракьал ва х1арпал.*** *Т1ехь гь.27-31* | ***1*** | |
| ***7.*** | ***Л , Б, Г гьаракьал ва х1арпал.*** *Т1ехь гь.32-37* | ***1*** | |
| ***8.*** | ***Р, С, Т, Х гьаракьал ва х1арпал.*** *Т1ехь гь.38-47* | ***1*** | |
| ***9.*** | ***З,Э, Й, Ж гьаракьал ва х1арпал.*** *Т1ехь гь.48-56* | ***1*** | |
| ***10.*** | ***К, Ш, Щ, Ц гьаракьал ва х1арпал.*** *Т1ехь гь.57-66* | ***1*** | |
| ***11.*** | ***Г1 гьаракь ва х1арп.*** *Т1ехь гь.67-69* | ***1*** | |
| ***12.*** | ***Т1, В гьаракьал ва х1арпал.*** *Т1ехь гь.70-75* | ***1*** | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 13. | ***Д, К1 гьаракьал ва х1арпал.*** *Т1ехь гь.76-80* | 1 | |
| 14. | ***Х1 гьаракь ва х1арп.*** *Т1ехь гь.81-83* | 1 | |
| 15. | ***Гь гьаракь ва х1арп.*** *Т1ехь гь.84-86* | 1 | |
| 16. | ***Лъ, Ч гьаракьал ва х1арпал.*** *Т1ехь гь. 87-91* | 1 | |
| 17. | ***Я, Ц1 гьаракьал ва х1арпал.*** *Т1ехь гь.92-98* | 1 | |
| 18. | ***П, Ч1 гьаракьал ва х1арпал.*** *Т1ехь гь.99-105* | 1 | |
| 19. | ***Хъ гьаракь ва х1арп.*** *Т1ехь гь.106-108* | 1 | |
| 20. | ***Къ гьаракь ва х1арп.*** *Т1ехь гь.109-112* | 1 | |
| 21. | ***Хь гьаракь ва х1арп.*** *Т1ехь гь.113-115* | 1 | |
| 22. | ***Кь гьаракь ва х1арп.*** *Т1ехь гь.116-117* | 1 | |
| 23. | ***Гъ гьаракь ва х1арп.*** *Т1ехь гь.118-121* | 1 | |
| 24. | ***Ф, ъ ,ь, ,ы гьаракьал ва х1арпал.*** *Т1ехь гь.122-125* | 1 | |
| 25. | ***Ю, Ё гьаракьал ва х1арпал.*** *Т1ехь гь.126-127* | 1 | |
| 26. | ***Гьаркьал кВ,к1в,щв, гв, гъв, св, чв, ч1в.*** *Т1ехь гь.128-134* | 1 | |
| 27. | ***Вацал г1адин рук1а. Къурущ. Их. Лъималазул анищал.*** *Т1ехь гь.135-141* | 1 | |
| | ***Букварь лъуг1ун хадуб*** | 6 | |
| 28. | ***Маргьаби. Биццанк1аби ва кицаби.*** *Т1ехь гь.4-17* | 1 | |
| 29. | ***Т1абиг1ат берцинаб их.*** *Т1ехь гь.18-23* | 1 | |
| 30. | ***Лъик1ав гьудул. Гьудулзабазул адаб ц1уни. Г1алик1и.*** *Т1ехь гь.24-29* | 1 | |
| 31. | ***Гьелъ конфеталги кьеч1о. Гьудул- гьалмагъзабазде. Гьудуллъ.*** *Т1ехь гь.29-32* | 1 | |
| 32. | ***Кету. Катит1инч1. Х1елеко. Гьойги оцги.*** *Т1ехь гь.33-38* | 1 | |
| 33. | ***Цидул баркала. Ц1унц1ра. Гьудгьуд. Сих1ираб г1анк1.*** *Т1ехь гь.39-45* | 1 | |

ГІАММАБ ЛЪАЙ КЬОЛЕБ ШКОЛАЛЪЕ

МИСАЛИЯБ ХІАЛТІУЛ ПРОГРАММА

# АВАР МАЦІ

## 1 – 4 классал

МахIачхъала

2022

# БУТІРУЛ

Программаялъе баян ..................................................................... 3

ЦІалул курсалъул гІуцІи .................................................................... 15
1 класс ..................................................................... 15
2 класс ..................................................................... 18
3 класс ..................................................................... 21
4 класс ..................................................................... 25

Авар мацІалъул курс лъугІун хадуб кьолел хІасилал ................................. 27
Напсиял хІасилал ..................................................................... 27
Метапредметиял хІасилал ..................................................................... 28
Предметиял хІасилал ..................................................................... 31
1 класс ..................................................................... 31
2 класс ..................................................................... 32
3 класс ..................................................................... 34
4 класс ..................................................................... 36

Тематикияб план ..................................................................... 39
1 класс (84 сагІат) ..................................................................... 39
2 класс (68 сагІат) ..................................................................... 46
3 класс (68 сагІат) ..................................................................... 55
4 класс (68 сагІат) ..................................................................... 63

# ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН

Программа хIадур гъабулаго, кьочIое росун руго Байбихьул школалъул лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандарт[1], гьединго Тарбия кьеялъул мисалияб программаялъулъ[2] загьир гьарурал цIикIкIараб кIваралъул мурадал ва масъалаби.

Жакъасеб школалда тIадаб борч ккола гIун бачIунеб гIелалъе гъваридаб ва щулияб гIелмияб лъай кьей, гьеб жидер практикаялъулъ хIалтIизабизе ругьун гьари, дунялалдехун материалистияб бербалагьи лъугьинаби.

Гьеб масъала гIумруялде бахъинабиялъулъ кIудияб бакI ккола рахьдал мацIалъ.

Байбихьул классазда рахьдал мацI малъула кIиго аслияб мурад яшавалде бахъинабизе:

1. НахъгIунтIиялъулаб мурад (мацIалъул хIакъалъулъ бугеб гIелмуялъул аслиял бутIабазулгун лъай-хъвай гьаби ва гьелъул кьучIалда цIалдохъабазул логикияб пикру ва гIаламаталгин символикияб бичIчIи лъугьинаби);

2. Социокультурияб мурад (цIалдохъабазул хурхен гьабиялъулаб бажари лъугьинаби: кIалзул ва хъвавул калам, монологияб ва диалогияб калам, гьединго, грамматикиял гъалатIал риччачIого, хъваялъул бажари цебетIезаби).

Гьединго байбихьул классазда авар мацI лъазабиялъ кумек гьабула гьал хадусел суалал тIуразе:

---

[1] Федералияб стандарт тасдикъ гьабун буго Россиялъул Федерациялъул лъай кьеялъул министерствоялъул приказалдалъун кIиазаралда къоло цоабилеб соналъул лъебералда цоабилеб маялда, № 286 (Россиялъул Федерациялъул юстициялъул министерствоялъ гьелъул регистрация (хъвай-хъвагIай) гьабун буго кIиазаралда къоло цоабилеб соналъул щуабилеб июлалда, № 64100

[2] Тарбия кьеялъул мисалияб программа тасдикъ гьабун буго гIаммаб лъай-кьеялъул федералияб цIалулгун методикияб цолъиялъул хIукмуялда рекъон (кIиазаралда къоабилеб соналъул кIиабилеб июналда хъвараб протокол, № 2/20).

а) тIолго инсаниябгин моралияб бечелъи ботIролъе боси, творческияб къагIидаялъ хIалтIиялъул бажари цебетIезаби;

б) сверухъ бугеб хIакъикъаталъул, гIадамазул жамгIияталъул ва тIабигIаталъул хIакъалъулъ лъималазул бугеб цо чIванкъотIараб бичIчIи бечелъизаби;

в) жалго жидедаго чIун, хIалтIиялъул къагIидаби лъай;

г) цIалул дарсазде, тIехьалде (лъаялъул иццалде) интерес бижизаби.

Авар мацI лъазабулаго, пайда босула аслиял дидактикиял принципаздаса. Гьелъул магIна ккола щивав цIалдохъанасул хаслъи хIисабалде боси, тартибалда материал лъазаби ва гьеб гъваридго бичIчIи.

## Курсалъул гIаммаб характеристика

Авар мацIалъул кумекалдалъун программаялъ кIвар буссинабун буго «Филология» абураб гIелмияб бутIаялъул гьал хадусел масъалаби тIуразариялде:

1. Дагъистаналъул мацIал ва маданиятал батIи-батIиял рукIиналъул ва гьел цоцада рухьарал рукIиналъул хIакъалъулъ авалияб бичIчIи лъугьинаби;
2. КIалзул ва хъвавул диалогияб ва монологияб калам цебетIезаби;
3. Цоцада хурхен  гьабиялъулаб бажари цебетIезаби;
4. РухIияб ва эстетикияб бичIчIи лъугьин;
5. Творческияб къагIидаялъ хIалтIиялъул бажари цебетIезаби.

Рахьдал мацI малъиялъул мурадалде щвезе, программаялъ гьал хадусел практикиял масъалаби тIуразаризе рихьизарун руго:

– цебе лъураб мурадалда ва масъалабазда рекъон мацIалъул алатал тIасарищиялъул бажари, цIалдохъабазул калам, рекIелъ щибниги жо цебечIезабизеги гъваридго пикру гьабизеги бугеб гьунар цебетIезаби;

– авар мацIалъул гIуцIиялъул ва системаялъул, ай лексикаялъул, фонетикаялъул, графикалъул, орфографиялъул, орфоэпиялъул, морфемикалъул (рагIул гIуцIиялъул), морфологиялъул ва синтаксисалъул хIакъалъулъ бищунго гIадатиял баянал цIалдохъабазе щвей;

– жиндирго пикру бицине, захIматаб гуреб хъвавул текст гIуцIизе,

диалогалъулъ гІахьаллъизе, битІун хъвазе ва цІализе бугеб бажари лъугьинаби;

– жиндирго калам камиллъизабизе хІаракат бахъи, мацІ лъазабизе гъира бижизаби, мацІалъул бацІцІалъи цІуниялъулъ жалги гІахьалал рукІин цІалдохъабазда бичІчІи, гьезулъ мацІалдехун бугеб къиматаб бербалагьи цІикІкІинаби.

Авар мацІалъул курс байбихьула хъвазе-цІализе малъиялдаса. Хъвазе-цІализе малъула сентябралдаса байбихьун апрелалде щвезегІан. Лъималазда материал лъаялда бан, мугІалимасул ихтияр буго хъвай-цІали малъизе бихьизабураб заман дагь гьабизе, ялъуни цІикІкІинабизе. Хъвазе-цІализе малъула гьаркьилаб аналитикиябгин синтетикияб методалдалъун. Хъвай-цІали малъиялъул масъалаби цІализе малъиялъул дарсаздаги хъвадаризе ругьун гьариялъул дарсаздаги тІурала, ай хъвай-цІали малъи ккола цадахъаб тадбир: цІализе малъиялда цадахъ хъвадаризеги ругьун гьарула, гьебги щула гьабула, калам цебетІезабиялъул хІалтІаби тІоритІулаго.

Хъвай-цІали малъи гІуцІун буго кІиго бутІаялдасан:

1. ХІадурлъиялъул заман;

2. ХІарпал малъулеб (букварияб) заман.

Гьеб кІиябго заманалда мугІалимас унго-унгояб кІвар кьезе ккола лъималаз гьаркьал ритІун рахъиялде, гьезда хъвазе-цІализе малъиялде, гьезул рагІул нахърател бечед гьабиялде, калам цебетІезабиялде.

Дарсазда лъимал ругьун гьарула предложениял рагІабазде, рагІаби слогазде риххизе; рагІабазулъ гьаркьазул тартиб бижизабизе, гьезда гьоркьоб бухьен чІезабизе. Лъималаз лъазабула гьаркьал хІарпаздалъун рихьизаризе; рагІаби, слогал гІуцІизе ва цІализе; бичІчІун, битІун цин слогалккун, цинги рагІабиккун предложениял ва цоцазда хурхараб калам цІализе.

ЦІализе ругьун гьариялда цадахъ лъималазда хъвазеги малъула. Гьел ругьун гьарула гьаркьал хІарпаздалъун хъвазе, къотІ-къотІараб азбукаялъул кумекалдалъун хІарпаздасан, слогаздасан рагІаби данде гьаризе, хъвавул ва басмаялъулаб тексталдаса хІарпал ва рагІаби битІун хъвазе, мугІалимас

абурал хъваялъулъги цIалиялъулъги батIалъи гьечIел рагIаби ва гьединал рагIабаздасан данде гьарурал къокъал предложениял хъвазе, предложениялъул авалалда ва гIадамазул, хIайваназул цIаразул бетIералда кIудияб хIарп хъвазе.

БитIунхъваялъул ва цIалиялъул иш мурадалде щвеялъе гIолоцIикIкIараб кIвар кьола рагIулъ ва слогалъулъ щибаб гьаракь батIабахъиялде ва бихьизабиялде, гьел гьаркьазул тартиб ва цоцазда гьоркьоб бухьен чIезабиялде; цIалдохъабазул каламалъул лугби камиллъизариялде вагьаркьал, слогал, рагIаби битIун абиялде.

Хъвай-цIали малъиялъул дарсазда лъималазул цогидазухъ гIенеккизе, мугIалимасул ва цогидал цIалдохъабазул калам тIубанго бичIчIизе бугеб бажари камил гьабула. Лъимал ругьунлъула классалда цере кIалъазе, мугIалимас лъурал суалазе жавабал кьезе, къваригIараб жо гьикъизе, цIалараб жоялъул, лъагIалил ункъабго заманалда жаниб гIадамаз гьабулеб хIалтIул хаслъиялъул ва хисардулеб тIабигIаталда хадуб жидерго халкквеязул, ралагьарал фильмазул хIакъалъулъ бицине.

Гьединго хъвай-цIали малъиялъул дарсал тIоритIулаго, цIалдохъабазул лъугьуна цIалиялъул бищун гIадатаб бажари. ТIоцебесеб классалда лъимал ругьунлъула бичIчIун, битIун, гIедегIичIого цIализе, тIехьгун ва текстгун хIалтIизе.

Хъвазе-цIализе малъулелъул, лъималазул психологиял хаслъабиги хIисабалде росун, мугIалимас дарсазда батIи-батIиял хIалтIаби тIоритIула, гьединго лъимал тIамула свак чучиялъе физкультминутка, расанди гьабизе ва кучIдул ахIизе.

Хъвазе-цIализе малъун хадуб, авар мацIалъул курс лъазабизе байбихьула. Авар мацIалъул курс гIуцIун буго гьал хадусел бутIабаздасан:

Фонетика ва орфоэпия, графика, лексика, рагIул гIуцIи (морфемика), грамматика (морфология ва синтиксис);

БитIунхъвай (орфография) ва лъалхъул ишараби лъеялъул къагIидаби (пунктуация);

Калам цебетIей.

Программаялда авар мацIалъул курсалъул хIакъалъулъ, лъималазул гIелазул хаслъабиги хIисабалде росун, бищун гIадатал (авалиял) баянал кьун руго. МацIалъул гIемерисел бутIаби (разделал) ва темаби щибаб классалда такрарлъула. Гьелъ рес кьола, лъималазул лъаялъул даражаги хIисабалде босун, гьел мацIалъул бутIаби ва темаби гъварид ва гIатIид гьаризе.

Фонетикаялда ва графикаялда хурхараб аслияб лъайги, бажариги, ругьунлъабиги цIалдохъабазе щола 1 ва 2 классалда. Гьеб заманалда цIалдохъабазе щола гьаркьазул ва хIарпазул, рагьаралги рагьукъалги гьаркьазул, геминатазул ва лабиалиял гьаркьазул, алфавиталъул, ударениялъул ва слогалъул хIакъалъулъ авалиял баянал. Лъималазда бажарула рагIулъ гьаркьал битIун абизе, абураб ва хъвараб рагIулъ гьаркьал ва хIарпал дандекквезе, алфавиталда ругел хIарпазул цIарал битIун абизе, рагIулъ гьаркьазул тартиб чIезабизе, хIарпал гьоркьор риччачIого ва гьезул бакI хисичIого рагIаби хъвазе, слогалккун рагIаби рикьизе, рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратIарахъизе, лабиалиял гьаркьал битIун абизе ва рагIулъ гьел хIарпаздалъун битIун рихьизаризе, геминатал битIун абизе ва рагIулъ гьел хIарпаздалъун битIун рихьизаризе. 3 – 4 классаздаги гьеб темаялда тIад хIалтIи гьабула гьоркьоса къотIичIого. Лъималазда малъула гьаркьал хIарпаздалъун рихьизаризе, гьаркьал ритIун рахъизе, гьел рихьизарулел хIарпал ритIун хъвазе, рагIи слогазде бикьизе, рагIулъ ударение бугебги гьечIебги слог батIабахъизе.

Лексикаялда хурхарал хIалтIаби гьарулаункъабго лъагIалида жаниб. Гьединал хIалтIаби тIоритIула грамматика, рагIул гIуцIи ва битIунхъвай малъиялда цадахъ. Грамматикаялъул, цIалул, битIунхъваялъул ва калам цебетIезабиялъул дарсазда лъималазда лъала предметал, гIаламатал, ишал рихьизарулел рагIабазул цIарал ритIун хIалтIизаризе, жидерго пикру загьир гьабизе, къваригIараб рагIи балагьизе. Гьединго гьез лъай-хъвай гьабула синонимазулгун, антонимазулгун, битIараб ва хъвалсараб, цо ва гIемер магIнаялъул рагIабазулгун.

РагӀул гӀуцӀиялъулгун цӀалдохъабаз лъай-хъвай гьабула 3 абилеб классалда. Гьезда лъала рагӀулъ магӀнаял бутӀаби рихьизаризе, суффиксазул кумекалдалъун цӀиял рагӀаби лъугьинаризе, кьибил цоял рагӀаби цого цорагӀул формабаздаса ратӀа гьаризе; рагӀул форма яги цӀияб рагӀи лъугьинабулаго, аслуялъулъ рагьарал ва рагьукъал гьаркьал битӀун хисизе.

Байбихьул классазда малъула каламалъул бутӀабиги.

ТӀоцебесеб классалда, терминалги абичӀого, определение кьечӀого, суалазул кумекалдалъун, лъимал ругьун гьарула предмет, предметалъул гӀаламатал, предметалъул иш бихьизабулел рагӀаби каламалъулъ хӀалтӀизаризе, суалазда рекъон предложениязда жанир гьел ратӀарахъизе.

КӀиабилеб классалда предмет, предметалъул гӀаламатал, предметалъул иш бихьизабулел рагӀабазул кьучӀалда лъималаз лъай-хъвай гьабула предметияб цӀаралъулгун, прилагательноялъулгун ва глаголалъулгун.

Лъабабилеб ва укъабилеб классазда гьелго каламалъул бутӀаби дагьалги гъваридго малъула. Глагол заманазде хисизабизе, предметияб цӀар падежазде сверизабизе, гьединго прилагательноял жинсазде ва гӀемерлъул формаялде хисизаризе жеги гӀатӀидго ругьунлъула. Предметияб цӀаралъул, жинсиял глаголазул, прилагательноязул жинс, цолъул ва гӀемерлъул форма, глаголалъул заман ва мурадияб форма малъула 3 абилеб классалда. Предметияб цӀаралъул гӀадатал падежал лъазарула 3 абилеб классалда, бакӀалъул падежал – 4 абилеб классалда (терминалги абичӀого, практикияб къагӀидаялъ). Гьелда тӀадеги, 3 – 4 классазда цӀалдохъабаз лъай-хъвай гьабула цӀарубакӀалъулгун ва рикӀкӀеналъулгун. Наречиялъулгун лъималаз лъай-хъвай гьабула практикияб къагӀидаялъ. Наречиялъул хӀакъалъулъ гьезда лъала жиб иш лъугьараб куц, бакӀ, заман, къадар, гӀилла-мурад баян гьабулеб каламалъул бутӀа кколеблъи ва кин? киб? кибе? киса(н)? кида? щай?кигӀан? абурал суалазе жаваблъун бачӀунеблъи.

Байбихьул классазда предложениялъул хӀакъалъулъ цӀалдохъабазещола гьадинал баянал:

1. Предложение ва, абулеб жоялъул мурадалдеги интонациялдеги

балагьун, гьелъул тайпаби;

2. Предложениялъул бетIерал ва бетIерал гурел членал;

3. Предложениялда жаниб рагIабазул бухьен;

4. ТIибитIараб ва тIибитIичIеб предложение;

5. ГIадатаб ва жубараб предложение;

6. Предложениялъул тайпа цоял членал;

7. РагIабазул дандрай.

Гьезул хIакъалъулъ баян цIалдохъабазе щибаб классалда дагь-дагьккун щола.

1 - себ классалда лъимал ругьун гьарула калам предложениязде биххизе, рагIабаздаса предложениял ратIа гьаризе, гьел, интонацияги цIунун, цIализе; предложениялъул авалалда кIудияб хIарп хъвазе, ахиралда тIанкI лъезе.

2 абилеб классалда цIалдохъабаз лъазарула предложениялъул бетIерал членал; гьезда малъула, кколеб интонацияги цIунун, предложение цIализе, предложениялъул ахиралда тIанкI, суалияб ва ахIул ишара лъезе.

3 абилеб классалда цIалдохъабазе щола рагIабазул дандраялъул, хабарияб, суалияб, тIалабияб ва ахIул предложениязул, предложениялъул бетIерал ва бетIерал гурел членазул, гIадатал тIиритIарал ва тIиритIичIел предложениязул, гIадатал ва журарал предложениязул хIакъалъулъ баянал.

4 абилеб классалда лъимал ругьун гьарула тайпа цоял членалгун предложениял гIуцIизе ва гьел ритIун цIализе, гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе.

Синтаксисиял темаби ва каламалъул бутIаби лъазарулаго, гьоркьоса къотIичIого, тIоритIула предложениялъулъ рагIабазул бухьен чIезабиялда, рагIабазул дандраял ратIа гьариялда ва гьел гIуцIиялда хурхарал хIалтIаби.

Классалдаса классалде гъварилъула гIадатаб предложениялъул синтаксисияб разбор гьабиялъул къагIидабиги.

**Текст. Бухьараб калам цебетӀезаби** абураб бутӀаялъулъ аслияб бакӀ ккола тексталда тӀад гьабулеб хӀалтӀиялъги гьеб текст бичӀчӀизе ва гӀуцӀизе,

гьединго тексталда тIаса жиндирго пикру бицине ругьун гьариялъул хIалтIабазги. Предложениялдаго гIадин, щибаб классалда тексталда тIад хIалтIула тIубараб цIалул соналда. ХIакъикъаталда кIалзул ва хъвавул формаялда тексталда тIад хIалтIи щибаб дарсида гьабула. Гьедин лъималазухъа бажарула авар мацIалда тIаса щвараб лъаялдаса жидер калам цебетIезабиялъулъ пайда босизе.

«Текст. Бухьараб калам цебетIезаби» абураб разделалъулъ тексталда тIад гьабулеб хIалтIи гьал хадусел бутIабаздасан гIуцIун буго:

– тексталъул хIакъалъулъ бичIчIи (текст ккола магIнаялъул ва грамматикияб рахъалъ кIиго я цIикIкIун цоцазда рухьарал предложениял); текст ва гIаммаб темаялъ цолъизаричIел, батIаго ругел предложениял цоцаздаса ратIа гьариялъул бажари лъугьинаби;

– тексталъул тема (тексталъулъ цо сундулниги хIакъалъулъ бицунеб жоялда тема абула); тексталъул тема чIезабизе бажари, ай текстаалъулъ сундул хIакъалъулъ бицунеб бугебали бихьизаби;

– текстаалъул аслияб пикру; мугIалимасул кумекалдалъун текстаалъул аслияб пикру загьир гьабизе бажари;

– текстаалда цIар лъей; текстаалда цIар лъезе бажари (текстаалъул аслияб пикруялде ва гьелъул темаялде мугъги чIван);

– текстаалъул гIуцIи; хабарияб текст бутIабазде биххизе бажари (байбихьи, аслияб бутIа ва ахир);

– текстаалъул бутIабазда гьоркьоб бугеб бухьен; текстаалъулъ жидер кумекалдалъун аслияб бутIа ва байбихьи яги аслияб бутIа ва ахир цоцазда рухьарал рагIаби ратизе бажари; гIуцIулеб текстаалъул бутIабазда гьоркьоб бухьен чIезабизе бажари;

– текстаалъул щибаб бутIаялда жанир ругел предложениязда гьоркьоб бухьен; жидер кумекалдалъун предложениял цоцазда рухьарал рагIаби ратизе бажари, масала: цIарубакIал, союзал;

– текстаалъулъ сипат-сурат гьабиялъул ресал; текстаалъулъ метафорал,

эпитетал, дандекквеял, олицетворениял рихьизаризе бажари; гьел киналго

жидер каламалъулъ хIалтIизаризе бажари;

– текстазул тайпаби: хабарияб текст, сипатияб текст ва пикрияб текст (лъай-хъвай гьаби);

– изложениялъул хIакъалъулъ бичIчIи; хIадурараб, яги киназго цадахъ гIуцIараб, ялъуни живго жиндаго чIун гIуцIараб планалда рекъон чидар текст (лъилниги сундулниги хIакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун) цIи гьабун хъвазе бажари;

– сочинениялъул хIакъалъулъ бичIчIи (бицун ва хъван); сюжетиял суратазда яги цо сураталда тIасан, гьединго цо кинаб бугониги темаялдатIасан текст гIуцIизе бажари; цебеккунго киналго гIахьаллъун дандбараб текст хъвазе бажари;

Тексталда тIад хIалтIулаго, хIисабалде росула гьелъул хIасил, гIуцIи ва сипат-сурат гьабиялъул ресал.

Каламалъул культура борхизабиялъе гIоло программаялъ тIалаб гьабулеб буго ричIчIизе бигьаял гьал хадусел литературиял нормабазулгун лъай-хъвай гьабизе:

– рагIаби битIун аби (орфоэпиял нормаби);

– предложениял битIун гIуцIи ва рагIабазул дандраязулъ рагIабазул формаби битIун хIалтIизари (грамматикиял нормаби);

– магIнаялъул рахъги хIисабалде босун, рагIаби битIун хIалтIизари (рагIаби хIалтIизариялъул къагIидаби).

ЦIалдохъанасул калам цебетIезабиялъулъ хIакъикъиял хIасилал кьезе ккани, гьезда литературияб мацIалъул нормабиги сипат-сурат гьабиялъул ресалги лъай гIоларо, къваригIуна авар мацIалъул ва цIалиялъул дарсазда, гьоркьоса къотIичIого, текстазул анализ гьабизе.

Литературияб мацIалъул нормабазда тIад хIалтIи практикияб къагIидаялъ гьабула. Гьеб хIалтIи тIобитIула, рахьдал мацIалъул темаби лъазарулагоги, класс тун къватIисел дарсаздаги, изложениял ва сочинениял хъвалагоги, цIалиялъул дарсаздаги тIубараб цIалул лъагIелалъ. ЦIалдохъаби

ругьун гьаризе ккола каламалъулъ ккарал гъалатIал цоцаз ритIизаризе вабатIи-батIиял тайпабазул словараздаса пайда босизе.

ЦIалдохъабазул калам цебетIезабиялъе чара гьечIого хIажалъула тайпа цоял членалгун гIадатал предложениялги кIиго гIадатаб предложениялдасан гIуцIараб журарал предложениялги цоцазда дандекквезе, битIараб каламгун предложениялда хадуб халкквезе, нахърилълъиналъул союзрагIабигун ва союзрагIаби гьечIого журарал нахърилълъарал предложениязулгун лъай-хъвай гьабизе.

БитIараб каламгун предложениялги нахърилълъиналъул союзрагIабигун ва союзрагIаби гьечIого журарал нахърилълъарал предложениялги байбихьул классазда лъазаруларо. Амма лъималаз, изложениял ва сочинениял хъвазе хIадурлъулаго, гьединго творческиял хIалтIабазулъ риччарал гъалатIазул анализ гьабулаго, гьезул хаслъабазулгун лъай-хъвай гьабула. Гьелда тIадеги, нилъеда лъала байбихьул классазул цIалдохъабаз жидер кIалзул ва хъвавул каламалъулъ гьединал предложениял гIатIидго хIалтIизарулеллъи. Гьединлъидал мугIалимас хIаракат бахъизе ккола гьезул гIуцIиги гьел каламалъулъ хIалтIизариялъул хаслъигилъималазда бичIчIизабизе.

МугIалимас, гьоркьоса къотIичIого, кIвар кьезе ккола цIалдохъанасул, гъалатIал риччачIого, битIун хъвазе бугеб бажари цебетIезабиялде. Гьелъие программаялда кьун руго хIарпаздалъун гьаркьал рихьизариялъул, цо мухъида инчIел рагIаби цоги мухъиде, слогазде рикьун, росиялъулги, рагIабиратIа тIун хъваялъулги, кIудияб хIарп хъваялъулги къагIидаби.

Берцинго хъваялъе, хатI куцаялъе программаялда хасаб заман бихьизабун гьечIо. Гьединлъидал щибаб грамматикаялъул дарсида 8–10 минуталъ мугIалимас тIадчIей гьабула цIалдохъабаз хъвалебщинаб жо берцингоги бацIцIадгоги букIинабиялде. Гьаниб кьола хатIалъул хашлъи тIагIинабиялде руссарал ругьунлъиялъул тIадкъаял, рихьизарула мисалиял хIарпал ва рагIаби.

Дидактикаялъул кIвар бугел суалазул цояб ккола контролиял

(хъвавул) хIалтIабазул хIасилазул кьучIалда цIалдохъабазул лъайгун бажари борцин ва къимат лъей. Байбихьул классазда авар мацIалъул хъвавул хIалтIабазул аслияб тайпабилъун ккола: тIаде балагьун текст хъвай, эркенаб диктант, гIинзул ва берзул диктант, творческияб диктант, хIадурлъиялъул ва тIасабищул диктант, ругьунлъиялъул изложениял ва сочинениял.

Словариял диктантазе кьезе кколеб рагIабазул къадар букIине бегьула:

II классалда – 8–10,

III классалда – 10–12,

IV классалда – 12–15.

Хал гьабиялъул диктантал гьаризе рихьизарурал текстазулъ ругел рагIабазул къадар гIага-шагарго гьадинаб букIине бегьула:

I классалда – 10–15,

II классалда – 35–40,

III классалда – 45–50,

IV классалда – 65–70.

Ругьунлъиялъул изложениязе чIезабун буго гьаб къадар:

I классалда – 15–20,

II классалда – 35-–40,

III классалда – 55–60,

IV классалда – 75–80.

Щибаб дарсида цIалдохъаби ругьунлъула цIалул тIехьгун хIалтIизе, битIун хъваялъеги цIалиялъеги жиндие къваригIунел къагIидаби, гьезда хурхарал хIалтIаби ва лъазарулел темаби хехго ратизе, хIалтIабазе кьурал киналго тIадкъаял тартибалда тIуразе, гьезул мурад бичIчIизе.

Квалквал гьечIого, хадубккунги церехун ине лъималазе гIураб лъай щвеялъул мурадалда пайда босизе ккола батIи-батIиял дидактикиял хIаяздаса, хасго рекIелгъеялъул материалаздаса (кроссвордаздаса, шарадаздаса, ребусаздаса, болъабаздаса, грамматикияб ва битIунхъваялъул лотоялдаса ва гь.ц.).

Байбихьул классазул лъималазда кIоларо цо жоялда тIаде халат бахъун

жидерго кIвар буссинабизе, гьел хехго свакала. Гьединлъидал дарсида цIалдохъабигун хIалтIиялъул къагIидаби батIи-батIиял рукIине ккола (мугIалимазухъ гIенекки, гара-чIвари, тIахьалгун ва тетрадалгун хIалтIи, хъвавул ва кIалзул хIалтIаби иргаялда тIоритIи, мех-мехалда минутаялъул махсараби, расандаби ва физкультура гьаби).

Байбихьул школалда авар мацI лъазабизе бихьизабун буго кинабниги 288 сагIат: 1 классалда 84 сагIат кьун буго; 2 – 4 классазда авар 68 – 68 сагIат кьун буго (щибаб классалда 34 – 34 цIалул анкь, анкьида жаниб 2-2 сагIат).

Авар мацI хIалуцун ва гъваридго лъазабизе, щибаб лъай кьеялъул идараялъул ихтияр буго, цIалул планалъул кIиабилеб бутIаялдаса сагIталги росун, авар мацI лъазабизе бихьизабураб сагIтазул къадар цIикIкIинабизе.


РАССМОТРЕНО
Руководитель МО «Начальные классы»
Шамсудинов М.И
Протокол №1 от «31» августа 2023 г.

СОГЛАСОВАНО
Зам. директора по УВР
Магомедмусаева М.И
Протокол №1 от «31» августа 2023 г.

УТВЕРЖДЕНО
Директором школы
Омарова З.М
Приказ №20 01.09 2023г.

Календарно-тематическое планирование **«Родное чтение»** 1 класса (2023-2024 год)

33 часов за год
(В неделю 1 час )

Учитель начальных классов: **Халажова М.Х**

| | Дарсил тема | Саг1тал | Дата | |
|---|---|---|---|---|
| | | | План | Факт |
| 1 | Раг1и. Текст. Предложение. | 1 | | |
| 2 | Гьаркьал ва х1арпал. | 1 | | |
| 3 | Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ва х1арпал. | 1 | | |
| 4 | Рагьарал гьаркьал ва х1арпал. | 1 | | |
| 5 | Е, Е, Ю, Я х1арпал. | 1 | | |
| 6 | Рагьукъал гьаркьал ва х1арпал. | 1 | | |
| 7 | Й рагьукъаб гьаракь ва х1арп. | 1 | | |
| **8** | **Контролияб диктант.** | **1** | | |
| 9 | Авар мац1алъе хасиятал рагьукъал гьаркьал ва х1арпал. | 1 | | |
| 10 | Геминатал. [КК], [К1К1], [ЧЧ] рагьукъал гьаркьал. | 1 | | |
| 11 | [Ч1Ч1] рагьукъаб гьаракь. | 1 | | |
| 12 | [СС] рагьукъаб гьаракь. | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 13 | [ХХ] рагъукъаб гъаракь. | 1 | | |
| 14 | [ЦЦ], [Ц1Ц1] рагъукъал гъаркьал. | 1 | | |
| 15 | [ЛЪЛЪ] рагъукъаб гъаракь. | 1 | | |
| **16** | **Контролияб диктант.** | **1** | | |
| 17 | Лабиалиял гъаркьал. | 1 | | |
| 18 | Ъ, Ь х1арпал. | 1 | | |
| 19 | Алфавит. | 1 | | |
| 20 | Раг1и ва слог. | 1 | | |
| 21 | Ударение. | 1 | | |
| 22 | К1алзул ва хъвавул калам. | 1 | | |
| 23 | Предложение ва текст. | 1 | | |
| 24 | Авар мац1алъе хасиятал гъаркьал ва геминатал. | 1 | | |
| 25 | Калам цебет1езаби. | 1 | | |
| **26** | **Контролияб диктант.** | **1** | | |
| 27 | Предметияб ц1ар. | 1 | | |
| 28 | Хасал ц1арал. Хасал ц1аразул бит1унхъвай. | 1 | | |
| 29 | Прилагательное. | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 30 | Прилагательное жинс ва форма. | 1 | | |
| 31 | Глагол. | 1 | | |
| 32 | Глаголалъул заманаби. | 1 | | |
| 33 | Лъаг1алида жаниб малъараб материал такрар гьаби. | 1 | | |
| **34** | **Контролияб диктант.** | **1** | | |

| № | Дарсил тема | Саг1тал | Къо – моц1 | |
|---|---|---|---|---|
| | | | План | Факт |
| 1 | «Малъе, эбел, рахьдал мац1» М.Г1умаров | 1 | | |
| 2 | **Рии рак1алде щвезаби.**<br>«Г1айиб ккараб гъвет1» П.Муртазаг1алиева | 1 | | |
| 3 | «Ц1ад» халкъияб кеч1 | 1 | | |
| 4 | «Хасалихълъи» Р.Х1амзатов | 1 | | |
| 5 | **Х1анч1иги х1айваналги – нилъер гьудулзаби.**<br>«Тайи» Загьид Х1ажиев | 1 | | |
| 6 | «Хъазги церги» маргьа. | 1 | | |
| 7 | «Сундуе щиб бокьулеб?» М.Саг1идов | 1 | | |
| 8 | **«Эркенаб зах1мат – г1умруялъул кьуч1»**<br>«Чед» Г1.Мах1амад | 1 | | |
| 9 | «Воре, чед, г1одобе рехуге» Х1.Гъазимирзаев | 1 | | |
| 10 | «Наги т1ут1ги» бицен.» | 1 | | |
| 11 | «Дун к1удияв г1ун вуго» Г1.Мах1амад | 1 | | |
| 12 | «Векьарухъанги васги» А.Мух1амаев. | 1 | | |
| 13 | «Х1ажи вук1ине ккола лъик1ав чи» Х1.Х1ажиев | 1 | | |
| 14 | **Лъималазул г1умру ва гьезул анищал**<br>«Ц1алдохъан» Ц1. Х1амзат | 1 | | |
| 15 | «Дир ясалъул кеч1» Р.Х1амзатов | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 16 | «Ц1акъаб дару» М.Мах1мудов | 1 | | |
| 17 | «Дада ч1ахъаяй» халкъияб кеч1 | 1 | | |
| 18 | **Хасел - лъималазе рохел**<br>«Хасел» Р.Х1амзатов | 1 | | |
| 19 | «Ц1ияб сон» Загьид Х1ажиев | 1 | | |
| 20 | **Хъизан ва школа.**<br>**«**Дир дах1адада» Р.Х1амзатов | 1 | | |
| 21 | «Т1оцебе хъвалеб раг1и» Г1.Шейхов | 1 | | |
| 22 | «Гьале дун к1удияв г1ун вуго» М.Шамхалов | 1 | | |
| 23 | **Халкъияб к1алзул гьунаралъул асарал**<br>Бицанк1аби. Кицаби ва абиял. | 1 | | |
| 24 | Бицардаби. | 1 | | |
| 25 | «Борхьилги царалги къиса» маргьа | 1 | | |
| 26 | **Лъик1лъи, х1алимлъи, х1урмат.**<br>«8 Март» «Эбелги лъималги» | 1 | | |
| 27 | **Т1абиг1ат берцинаб их.**<br>«Их бач1ана» Фазу Г1алиева | 1 | | |
| **28** | **«Их» сочинение** | **1** | | |
| 29 | **Нилъер Ват1ан**<br>«Дагъистан» Р.Х1амзатов | 1 | | |
| 30 | «Шамилил г1олохъанлъи» Ш. Казиев | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 31 | «Бергьенлъиялъул къо» «Ралъдал вас» | 1 | | |
| 32 | «Бергьенлъиялъул къо» «Ралъдал вас»<br>«Дир ракь» Р.Х1амзатов | 1 | | |
| 33 | «Халкъазул гьудуллъи» Ц1. Х1амзат | 1 | | |
| 34 | Класстун къват1исеб ц1али | 1 | | |

## ***Календарно-тематический план по аварскому языку.***

Авар мац1. 2 класс (34 часа)

Литературияб ц1али. 2 класс (34 часа)

**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**Муниципальное казенное общеобразовательное учреждение**

**ГКУ РД "ЦОДОУ ЗОЖ"**

**ГКОУ "Ибрагимотарская СОШ Тляратинского района"**

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
|---|---|---|
| Руководитель МО | Зам.директора по УВР | Директор школы |
| ________________ | ________________ | ________________ |
| Шамсудинов М.И | Магомедмусаева М.И | Омарова З.М |
| Протокол №1 от «31» августа 2023 г. | Протокол №1 от «31» августа 2023 г. | Приказ №20 от « » 2023 г. |

**РАБОЧАЯ ПРОГРАММА**

1час-34

**учебного предмета по родному языку**

для обучающихся 2 класса

**с.Ибрагимотар 2023-**2024

**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**Министерство образования и науки Республике Дагестан**

**Тляратинский район**

**ГКОУ "Ибрагимотарская СОШ Тляратинского района"**

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
|---|---|---|
| Рук ШМО начальных классов | Зам директора по УВР | Директор школы |
| ______________ Шамшудинов М.И. | ______________ Магомедмусаева М.И. | ______________ Омарова З.М. |
| Приказ № от «31» 08 2023 г. | Приказ № от «31» 08 2023 г. | Приказ № от «31» 08 2023 г. |

**РАБОЧАЯ ПРОГРАММА**

1 час -34ч

**учебного предмета по родному чтению**

для обучающихся 2 классов

Автор: Х1.С Вакилов

**Ибрагимотар 2023-2024**

«Утверждено»

Директор Омарова З.М

01.09.2023г

# Рабочая программа по родному языку

## 2класс

Предмет: родной язык

Класс: 2 в

Учебник:авар мац!. Автор: Х!. С. Вакилов, Р. Х!.Раджабов

## 68 с Программаялъе баян

Программа хIадур гьабуна байбихьул школалда тIуразаризе хIисабалде росарал хIасилалги, Обществоялда инсанасул рухIияб рахъ, хьвадачIвадиялъул къагIидаби церетIеялъул ва гьесие тарбия кьеялъул концепцияги, Байбихьул школалъул лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандартги Х1.С. Вакиловасул авторскияб программаги кьочIое росун.

**Рабочая программа составлена на основе следующих нормативно - правовых документов:**

1. Федеральный закон от 29.12.2012 г. № 273-ФЗ «Об образовании в Российской Федерации»;
2. Федеральный государственный стандарт начального общего, основного общего и среднего (полного) общего образования, утв. Приказом Министерства образования и науки РФ от 17.12.2010 г. № 1897;
3. Концепции духовно-нравственного развития и воспитания личности гражданина России.- М.: Просвещение, 2011.

4. СанПиН 2.4.2.2821-10 "Санитарно-эпидемиологические требования к условиям и организации обучения в общеобразовательных учреждениях". Постановление № 189 от 29.12.2010г.

5. Федерального перечня учебников, рекомендованных Министерством образования и науки Российской Федерации к использованию в общеобразовательном процессе в образовательных учреждениях от 31.03.2014 года № 253.

6. Положения «О структуре и порядке разработки и утверждения рабочих программ учебных предметов по ФГОС второго поколения». Приказ № 1577от 31.12.2015г.

7. Региональный учебный план для образовательных учреждений Ботлихского района реализующих программы начального общего, основного общего и среднего (полного) общего образования, на 2020-2021 учебный год;

8. Авторской программы Вакилов Г.С. Махачкала 2017г

**Учебно-тематический комплект:**

1 класс - З.М.Курбанов «Букварь»

2-4 классы - Х1.С.Вакилов «Авар мац1»

Байбихьул школалда авар мацI лъазабизе бихьизабун буго кинабниги 270 сагIат:

1 классалда 66 сагIат кьун буго, анкьида жаниб 2 саг1ат, ц1алул анкь 33;

2 – 4 классазда авар мацIалъул дарсазе 68 – 68 сагIат кьун буго (щибаб классалда 34 – 34 цIалул анкь, анкьида жаниб 2-2 сагIат)

**Курс лъазабун лъугIун хадуб кьолел хIасилал**

**Напсиял хIасилал:**

- жиндирго ВатIаналдаса, дагъистаналъул миллатаздаса ва гьелъул тарихалдаса чIухIи; жив магIарул миллаталъул чи вукIин бичIчIи;

- рахьдал мацI нилъер культураялъул аслу букIин бичIчIи ва гьелъ магIарулазул миллатазда гьоркьоб щулияб бухьен чIезабулеблъи лъай;

- гъалатI гьечIеб кIалзул ва хъвавул калам гIаммаб культураялъул гIаламат букIин лъай;

- школалдехун ва цIалиялдехун бугеб бербалагьи цIикIкIинаби, кидаго лъикIав цIалдохъанлъун вукIине бажари;

- лъикIаб даражаялда цIализеги цIализе бугеб пагьмуялъе жинцаго къимат кьезеги бажари;

- цо къасдалда жинца гьарурал ишазул жавабчилъиги жибго жиндаго чIараб, цогиялда бухьинчIеб хасиятги цебетIезаби;

- цогидал гIадамазе кумекалъе хIадурав, ният лъикIав, хIалхъублъи гьечIев, гIадамазе лъикIлъи гьабулев инсан вахъинави.

- мугIалимас кьураб къиматалда разилъи

**Метапредметиял хIасилал:**

БатIи-батIиял тIадкъаял тIуразаризе ругьун гьариялъе тIоритIулелхIалтIаби (Познавательные УУД):

- учебникалда бугеб материал лъикI лъай: ай цIалул тIадкъаял тIуразаризе къваригIараб баян (информация) балагьи,

суратаздалъун, схемабаздалъун кьураб баян бичIчIи; предметал дандекквей, гьезулъ гIаммал ва батIалъиялъул гIаламатал рихьизари; батIи-батIиял баянал (справкаби) кьолеб учебникалъул ва цIалул пособиязул материалалдаса пайда боси

(мугIалимасул нухмалъиялдалъун);

Хурхен гьабизе ругьун гьариялъе тIоритIулел хIалтIаби (коммуникативные УУД):

- диалогалъулъ гIахьаллъизе бажари (лъурал суалазе жавабал кьезе, суалал жинцаго лъезе, бичIчIулареб жо мухIкан гьабизе);

- тIадкъаял тIуразарулаго, гьалмагъасда цадахъ хIалтIизе бажари: хIалтIаби гьариялъул ирга чIезабизе ва цIунизе, гъалатIазул хIакъалъулъ гьалмагъасда бицине, цогидазулгун данд бан гьоркьоб лъураб цIалул суал тIубазабиялъулъ гIахьаллъизе;

Гьабулеб цIали низамалда ккезабизе ругьун гьариялъе тIоритIулел хIалтIаби (регулятивные УУД):

- жив хIалтIулеб бакIалда цIалиялъе рукIине кколел щартIал чIезаризе бажари;

- кьураб мисалалдаги данде ккун, жиндирго хIалтIул хал гьабизе, къваригIараб жо тIаде жубазе, мисалалъе кьуралда данде ккечIони, жиндирго хIалтIи хисизе бажари;

- мугIалимасда цадахъ малъулеб материалалъул тартиб чIезабизе бажари;

- бищун кӀвар бугел гӀаламатал хӀисабалдеги росун, предметал ва лъугьа-бахъинал тӀелазде рикьизе ва ратӀа-ратӀаго лъезе бажари.

**Предметиял хӀасилал:**

Рахьдал мацӀалъул курс лъазабулаго, кӀиабилеб классалъул цӀалдохъаби ругьунлъула:

- рахьдал мацӀалъул алфавиталъул хӀарпал абизе;

- рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратӀарахъизе;

- рагӀулъ ударение бугеб слог батизе;

- геминатал гъорлъ ругел рагӀаби битӀун абизе (цӀализе) ва хъвазе;

- лабиалиял гьаркьал гъорлъ ругел рагӀаби битӀун абизе (цӀализе) ва хъвазе;

- рагӀаби, предложениял, 30–40 рагӀи бугел текстал, гъалатӀал риччачӀого, битӀун хъвазе;

- рагӀаби слогазде рикьизе, цо мухъида инчӀеб рагӀи цоги мухъиде, слогазде бикьун, босизе;

- гӀадамазда, хӀайваназда, шагьаразда, росабазда, гӀоразда лъурал цӀаразул бетӀералда кӀудияб хӀарп хъвазе;

- Й ва Щ, ш хӀарпалги авар мацӀалъе хасиятал рагьукъал хӀарпалги гъорлъ ругел рагӀаби битӀун хъвазе;

- Ъ, ь хӀарпаз тӀубалеб хъулухъ бихьизабизе;

- фонетикияб разбор гьабизе (рагӀаби слогазде рикьи, ударение бугеб слог бати, рагӀулъ гьаркьазул ва хӀарпазул тартиб чӀезаби, ицц, гъветӀ, учитель гӀадал рагӀабазулъ гьаркьазулги хӀарпазулги къадар чӀезаби);

- рагӀуе битӀун суал лъезе ва суалазул кумекалдалъун предмет, предметалъул гӀаламат ва предметалъул иш бихьизабулел рагӀаби ратӀа рахъизе;

- кӀиго-лъабго рагӀудасан гӀуцӀараб предложениялъулъ рагӀабазда гьоркьоб бухьен чӀезабизе, подлежащее, сказуемое ва битӀараб дополнение бихьизабизе;

- рагӀабаздасан, суалазул кумекалдалъун гьезда гьоркьоб бухьен чӀезабулаго, предложение гӀуцӀизе;

- предложениялъул авалалда кӀудияб хӀарп хъвазе, ахиралда тӀанкӀ, суалияб ва ахӀул ишараби лъезе;

- тексталъул тема чӀезабизе ва тексталда цӀар лъезе;

- текст предложениязде биххизе;

- магIнаялъухъги балагьун, тексталъул бутIабазда гьоркьоб бухьен чIезабизе;
- суалазул кумекалдалъун хабарияб тексталъул 30–45 рагIи бугеб изложение хъвазе;
- кьураб темаялда тIасан лъабго-щуго предложениялдасан текст гIуцIизе ва хъвазе;
- текстальул магIна бугел бутIаби цIияб мухъидаса хъвазе.

**Курсалъул материал**

**ТIоцебесеб классалда малъараб материал такрар гьаби**

Каламалъул бутIа хIисабалда рагIи, предложение, текст ва гIумруялда жаниб гьезул бугеб кIвар. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Авар мацIалъе хасиятал рагьукъал гьаркьал ва хIарпал.

**Каламалъул гьаркьал. ХIарпал. Слог**

Гьаркьал ва хIарпал. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал, хIарпаздалъун гьел рихьизари. Рагьарал гьаркьал ва хIарпал. Рагьукъал гьаркьал ва хIарпал. КъосинчIого рагIабазулъ гьел битIун абизе, цIализе ва ратIа гьаризе лъай. Е,ё,ю,я хIарпал. Й гьаракь ва хIарп. Авар мацIалъе хасиятал рагьукъал гьаркьал ва хIарпал. Щ, ш рагьукъал гьаркьал ва хIарпал. Геминатал (хIухьелалъул тIадецуй кутаклъизабун абулел) ва гьел рихьизарулел хIарпал: кк, кIкI, чч, чIчI, сс, хх, цц, цIцI, лълъ. Лабиалиял (кIутIби цере цIутIизарун рахъулел) гьаркьал ва гьел рихьизарулел хIарпал: кв, ккв, кIв, кIкIв, къв, къв, хв, хъв, хъв, ев, щв, шв, гъв, гъв, гв, чIв, цв, цIв.Ъ гьаракь ва хIарп. Ь хIарп. Гьез тIубалеб хъулухъ. Алфавит. ХIарпазул цIарал. Алфавиталъул кIвар. РагIи ва слог. РагIи слогазде бикьи. Цо мухъида инчIеб рагIи цоги мухъиде, слогазде бикьун, босиялъул къагIидаби. Ударение. РагIабазул магIна хисиялъулъ удареният ва бугеб кIвар. РагIулъ ударение бугебги гьечIебги слог.

**Калам**

Калам ва гIумруялда жаниб гьелъул бугеб кIвар. КIалзул ва хъвавул калам. Каламалъул этика. Салам кьеялъул рагIаби.

**Предложение ва текст**

Каламалъул бутIа хIисабалда предложение. Предложениялъул бетIерал членал: подлежащее, сказуемое ва битIараб дополнение.

Предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен чIезаби (суалаздалъун). Предложениялъул авалалда кIудияб хIарп хъвазе, ахиралда тIанкI, суалияб ва ахIул ишараби лъезе ругьун гьари. Предложениялда жаниб магIнаялъул рахъалъ цIикIкIараб кIвар жиндир бугеб рагIи, гьаракь борхизабун, бихьизабизе ругьун гьари. Текст. Тексталъул гIаламатал, тексталъулъ предложениял магIнаялъул рахъалъ цоцада рухьин, тексталда цIар лъей. Тексталъул тайпаби.

**Каламалъул бутIаби**

Предметал, предметазул гIаламатал ва предметазул ишал рихьизарулел рагIаби (дандекквей).

**Предметияб цIар** (лъай-хъвай гьаби). ГIаммаб магIна. Предметияб цIаралъул суалал: щив? щий? щиб? щал? Каламалъулъ предметияб цIаралъул бугеб кIвар. ГIадамазул цIаразул, фамилиязул ва инсул цIаразул, хIайваназда лъурал тIокIцIаразул, улкабазул, шагьаразул, росабазул, къватIазул, гIоразул, хIоразул, мугIрузул цIаразул бетIералда кIудияб хIарп. Цолъул ва гIемерлъул формаялда предметияб цIар хиси (практикияб къагIидаялъ лъай-хъвай гьаби).

**Глагол** (лъай-хъвай гьаби). ГIаммаб магIна. Глаголалъул суалал: щиб гьабураб? щиб лъугьараб? щиб гьабилеб? щиб гьабизе бугеб? щиб гьабулеб? щиб гьабулеб бугеб? Каламалъулъ глаголазул бугеб кIвар. Глаголал цолъул ва гIемерлъул формаялде хиси. Глаголал батIи-батIиял заманабазде хиси (халкквезе). ГIага-шагараб магIнаялъулги гIаксаб магIнаялъулги глаголал.

**Прилагательное** (лъай-хъвай гьаби). ГIаммаб магIна. Прилагательноялъул суалал: кинав? кинай? кинаб? кинал? Прилагательноял каламалъулъ хIалтIизари. Прилагательноял цолъул ва гIемерлъул формаялде хиси. ГIага-шагараб магIнаялъулги гIаксаб магIнаялъулгиприлагательноял.

**Текст. Бухьараб калам цебетIезаби**

Тексталъул тема. Текст ва гIаммаб темаялъ дандрачIел, ратIа тIурал предложениял дандекквей. Тексталъулъ предложениял магIнаялъул рахъалъ цоцазда рухьин. Тексталда ва гьелъул бутIабазда цIар лъей. Тексталда жанир аслияб магIна загьир

гьабулел рагIаби. Тексталъул тайпаби: хабариял, сипатиял ва пикриял (лъай-хъвай гьаби). Хабарияб тексталъул бутIаби:

байбихьи, аслияб бутIа ва ахир (лъай-хъвай гьаби). Тексталъул цIияб мухъ. Изложениялъул хIакъалъулъ бичIчIи кьей. Хабарияб тексталъул 30–45рагIи бугеб изложение хъвай (суалаздалъун). Сочинениялъул хIакъалъулъ бичIчIи кьей.

МугIалимасул нухмалъиялда гъорлъ сураталдасан яги суратаздасан текст гIуцIи ва хъвай. Лъималазул гIумруялъул, хIалтIул, хIайваназул, хIаязул, цIалул ва гь.ц. хIакъалъулъ текст гIуцIи. Киназго цадахъ 30–40 рагIи бугеб хабарияб текст гIуцIи.

**ЛъагIалида жаниб малъараб материал такрар гьаби**

Гьаркьал ва хIарпал. Каламалъул бутIаби. Каламалъул бутIаби хIисабалда текст ва предложение

**Берцинго хъвай**

ТIоцебесеб классалда хъвай-хъвагIаялъул рахъалъ щвараб бажари щула гьаби. Хъвазе бигьалъи-захIмалъиги хIисабалде босун, гьитIинал хIарпазул тIелал:

1) и, ш, г, гI, т, тI, н, р, у;

2) л, м, ц, цI, щ, ь, гь, ы;

3) а, о, ю, ф, д, б, я;

4) с, е, ё, ч, чI, ъ, гъ, лъ, в;

5) э, х,хl, хь, хъ, ж, з, к, кI, кь, къ.

КӀудиял хӀарпазул тӀелал:

1) И, Ш, Ц, ЦӀ, Ч, ЧӀ, Л, М, А;

2) О, С, З, Х, ХӀ, Е, Э, Я;

3) Ж, У, Н, К, КӀ, Ю, Р, В, Ф;
Г, П, Т, Б;

5) Хь, Хъ, Кь, Къ, Лъ, Гь, Гъ, ТI.

Хъвазе захIматал рагIаби: пальто, учитель, учительница, стакан, тетрадь, махх, гьой, куй, рукъ, (рокъоб), гIор (гIурул), болнух, оцхIутI, бихххи, раххан, ххвел, ххей, ххине, бесси, бусси, руссун, ссан, бецци, ицц, ццин, билълъин, лълъар, релълъин, бацIцIин, бецIцIи, буцIцIин, бичIчIи, чIчIвад, ричIчIи, гвенд, коллектив, театр, кьаб-кьаби, сверун, тIадеялдаса-тIаде, мада-гъадар, дагь-дагькккун, лъаб-лъабккун, бецаруз, ничгьечI, цIурахинкI, багIаргьоло, гIужрукъ, гомог, гонгал, гозо, гузби, гIазу, росу, гIанкI,

гIанкIу, гъабу, зулму, пикру, гIелму, кету

**Учебно-тематикияб план**

| № х/ц | Главаялъул ц1ар | Саг1тал |
|---|---|---|
| 1. | ТIоцебесеб классалда малъараб материал такрар гьаби | 4 |
| 2. | Гьаркьал ва хIарпал | 8 |
| 3. | Авар мацIалъе хасиятал рагьукъал гьаркьал | 4 |
| 4. | Геминатал. | 10 |
| 5. | Лабиалиял гьаркьал | 4 |
| 6. | Алфавит | 4 |
| 7. | РагIи ва слог | 3 |
| 8. | Ударение | 4 |
| 9. | Предложение ва текст | 4 |
| 10. | Авар мацIалъе хасиятал гьаркьал ва геминатал | 1 |

| | | |
|---|---|---|
| 11. | Каламалъул бутIаби. Предметияб цIар | 8 |
| 12. | Прилагательное | 7 |
| 13. | Глагол | 7 |
| | Кинабниги | 68 |

**Календарно-темактикияб план**

| №<br>х/ц | Дарсил тема | Саг1ат | Бихьизабураб къо | |
|---|---|---|---|---|
| | | | Програм мияб къо-моцI | XIужжаял ъулаб къо-моцI |
| 1. | РагIи. Предложение.Текст. | 1 | | |
| 2. | Предложениялъул тайпаби. | 1 | | |
| 3. | Предложениялъулъ рагIаби цоцалъ рухьин. | 1 | | |
| 4. | Эркенаб диктант. | 1 | | |
| 5. | Гьаркьал ва хIарпал. | 1 | | |
| 6. | Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ва хIарпал. | 1 | | |
| 7. | Рагьарал гьаркьал ва хIарпал. | 1 | | |
| 8. | Словарияб диктант. | 1 | | |
| 9. | Е,Ё,ю,я хIарпал. | 1 | | |
| 10. | Рагьукъал гьаркьал ва хIарпал. | 1 | | |
| 11. | Й-рагьукъаб гьаракь ва хIарп | 1 | | |
| 12. | ТIасабищул диктант. | 1 | | |
| 13. | Авар мацIалъе хасиятал рагьукъ.гь.ва хI. | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 14. | Ъ,ь,L лъугьунел хIарпал. | 1 | | |
| 15. | Ш,Щ рагьукъал гьаркьал ва хIарпал. | 1 | | |
| 16. | Халгьабиялъул диктант. | 1 | | |
| 17. | Геминатал. | 1 | | |
| 18. | [кк] [кIкI],[чч]-рагьукъал гьаркьал. | 1 | | |
| 19. | [чIчI] рагьукъаб гьаракь | 1 | | |
| 20. | Лъазабиялъул диктант | 1 | | |
| 21. | [сс] - рагьукъаб гьаракь | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 22. | [хх] – рагьукъаб гьаракь | 1 | | |
| 23. | [цц] – рагьукъаб гьаракь | 1 | | |
| 24. | Доскаялдаса контролияб хъвадари (списывание) | 1 | | |
| 25. | [цIцI] –рагьукъаб гьаракь | 1 | | |
| 26. | [лълъ] – рагьукъаб гьаракь | 1 | | |
| 27. | Лабиалияб гьаркьал | 1 | | |
| 28. | Баян гьабун хъвадари (комментир.письмо) | 1 | | |
| 29. | Ъ, ь хIарпал | 1 | | |
| 30. | Ъ ь хIарпал | 1 | | |
| 31. | Алфавит | 1 | | |
| 32. | Контролияб диктант | 1 | | |
| 33. | Алфавит | 1 | | |
| 34. | РагIи ва слог | 1 | | |
| 35. | РагIи ва слог | 1 | | |
| 36. | ТIехьалдаса хъвадари | 1 | | |
| 37. | Ударение | 1 | | |
| 38. | Ударение | 1 | | |
| 39. | Калам | 1 | | |
| 40. | Берзул диктант | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 41. | Предложение | 1 | | |
| 42. | Предложение (хабарияб, суаляб, ах!ул) | 1 | | |
| 43. | Текст | 1 | | |
| 44. | Творческияб хIалтIи | 1 | | |
| 45. | Авар мацI.хасиятал гьаркьал ва геминатал | 1 | | |
| 46. | Щив? (-й –б-л) абурал суалазе жав.рачI.рагI. | 1 | | |
| 47. | Щив? (-й –б-л) абурал суалазе жав.рачI.рагI. | 1 | | |
| 48. | Лъазабиялъул диктант | 1 | | |
| 49. | Щив? Щиб? Щий? Щал? суал.жавабрачI.рагIаби1 | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 50. | ГIадамазул цIар, фамилия, инсул цIар | 1 | | |
| 51. | ГIадамазул цIар, фамил.,инсул ц1ар,кIуд.хIарп | 1 | | |
| 52. | Контролияб диктант | 1 | | |
| 53. | ХIайв. тIокIцIар.ва бакIаз.цIараз.кIудияб хIарп | 1 | | |
| 54. | ХIалтIаби 238-244 | 1 | | |
| 55. | Кинав? (-й,-л,-б) суал.жав.рачI.ргI. | 1 | | |
| 56. | Эркенаб диктант | 1 | | |
| 57. | ХIалтIаби №251-255 | 1 | | |
| 58. | ХIалтIаби №258-261 | 1 | | |
| 59. | ХIалтIаби №262-270 | 1 | | |
| 60. | Халгьабиялъул диктант | 1 | | |
| 61. | Щиб гьабураб? Щиб гьабилеб? Щиб лъугьараб? | 1 | | |
| 62. | Щиб гьабулеб? Щиб гьабулеб бугеб? | 1 | | |
| 63. | ХIалтIаби №277-284 | 1 | | |
| 64. | РагIабазул диктант | 1 | | |
| 65. | Малъараб такрар гьаби №285-295 | 1 | | |
| 66. | Контролияб диктант | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 67. | Такрар гьабиялъул дарс | 1 | | |
| 68. | РагIи. Предложение.Текст. | 1 | | |

**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**
**Министерство образования и науки Республики Дагестан**
**ГКУ РД "ЦОДОУ ЗОЖ"**
**ГКОУ "Ибрагимотарская СОШ Тляратинского район**

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
|---|---|---|
| на заседании ШМО начальных классов. Руководитель ШМО | Зам. директор по УВР | Директор школы |
| ______________________ | ______________________ | ______________________ |
| Шамсудинов М. И. | Магомедмусаева М. И. | Омарова З. М. |
| Протокол №1 от «31» 08 2023 г. | № 1 от «31» 08. 2023 г. | Приказ № 20 от «1» 09. 2023 г. |

**РАБОЧАЯ ПРОГРАММА**

**учебного предмета «Родной язык»**
для учащихся 4 класса

**с. Ибрагимотар 2023 год**

## Программаялъе баян

Программа хIадур гьабуна байбихьул школалда тIуразаризе хIисабалде росарал хIасилалги, Обществоялда инсанасул рухIияб рахъ, хьвадачIвадиялъул къагIидаби церетIеялъул ва гьесие тарбия кьеялъул концепцияги, Байбихьул школалъул лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандартги Х1.С. Вакиловасул авторскияб программаги кьочIое росун.

**Рабочая программа составлена на основе следующих нормативно - правовых документов:**

1. Федеральный закон от 29.12.2012 г. № 273-ФЗ «Об образовании в Российской Федерации»;
2. Федеральный государственный стандарт начального общего, основного общего и среднего (полного) общего образования, утв. Приказом Министерства образования и науки РФ от 17.12.2010 г. № 1897;
3. Концепции духовно-нравственного развития и воспитания личности гражданина России.- М.: Просвещение, 2011.
4. СанПиН 2.4.2.2821-10 "Санитарно-эпидемиологические требования к условиям и организации обучения в общеобразовательных учреждениях". Постановление № 189 от 29.12.2010г.
5. Федерального перечня учебников, рекомендованных Министерством образования и науки Российской Федерации к использованию в общеобразовательном процессе в образовательных учреждениях от 31.03.2014 года № 253.
6. Положения «О структуре и порядке разработки и утверждения рабочих программ учебных предметов по ФГОС второго поколения». Приказ № 1577от 31.12.2015г.
7. Региональный учебный план для образовательных учреждений Ботлихского района реализующих программы начального общего, основного общего и среднего (полного) общего образования, на 2018-2019 учебный год;
8. Положение о рабочей программе педагога МКОУ «Рахатинская СОШ »

**Учебно-тематический комплект:** 4 класс - Х1.С.Вакилов «Авар мац1»

Байбихьул школалда авар мацI лъазабизе бихьизабун буго кинабниги 34 сагIат:
кьун буго, анкьида жаниб 2 саг1ат, ц1алул анкь 33;
4 классазда авар мацIалъул дарсазе 34– сагIат кьун буго (щибаб классалда 34 – 34 цIалул анкь, анкьида жаниб 1 сагIат)

**Курс лъугIун хадуб кьолел хIасилал**

Байбихьул школа лъугIарал цIалдохъаби гьал хадусел хIасилазде щола:

**Напсиял хIасилал**

1. Жиндирго ВатIаналдаса, Россиялъул ва Дагъистаналъул миллатаздаса гьезул тарихалдаса чIухIиялъул асар бижизаби, жив цо кинаб бугони къавмалъул ва миллаталъул чи вукIин бичIчIи.
2. Цоцазда рухьарал, амма цоцазда релълъинчIел тIабигIаталдехун, миллатаздехун, маданиятаздехун ва диназдехун цолъи цIунараб, ай кIибикьичIеб, обществоялда гIадамазул гIумруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб бербалагьи бижизаби.
3. Цогидал миллатазул маданияталдехун ва гьезул тарихалдехун, гьединго батIияб пикруялдехун цIуна-къараб балагьи бижизаби.

**Метапредметиял хIасилал**

1. ЦIалиялъул мурадал ва масъалаби цере лъезе ва гьел тIуразариялъул къагIидаби ралагьизе бажари.
2. Цебе лъураб масъалаялде ва гьеб масъала тIубазабиялъул шартIазде балагьун, жиндирго цIалиялда рухьарал ишазе къимат кьезеги, гьезда хадуб хал кквезеги, гьезул план гьабизеги бугеб бажари лъугьинаби.
3. Информация кьезе ишараялъулгин символикиял алатаздаса пайда боси.
4. Хурхен гьабиялъул, ай бухьеналъулал ва нахъгIунтIиялъулал масъалаби тIуразе, каламалъул алатал жигаралда хIалтIизари.
5. Информация балагьиялъул (баян кьолел тIахьаздаса), гьеб бакIариялъул, гьелда тIад хIалтIиялъул, гьелъул анализ гьабиялъул, гьеб гIуцIиялъул ва кьеялъул, гьелъул магIна бичIчIизабиялъул батIи-батIиял къагIидаби хIалтIизари.
6. Цере лъурал мурадазда ва масъалабазда рекъон, батIи-батIиял стилалъул ва жанразул текстал бичIчIун цIализе бажари.

**Предметиял хIасилал**

1. Россиялда ва Дагъистаналда батIи-батIиял мацIал ва маданиятал рукIинги, гьел цоцада рухьарал рукIинги, мацI щибаб миллаталъул аслу кколеблъиги бичIчIи.
2. МацI миллияб маданияталъул аслуги гIадамал цоцада ричIчIиялъул ва гьезда гьоркьоб бухьен чIезабиялъул алатги кколеблъи цIалдохъабазда бичIчIи; авар мацI Дагъистаналъул пачалихъияб мацI кколеблъиги, гьелъ магIарулазул миллатал цоцада рухьинарулеблъиги лъай.
3. Авар мацIалъул (битIунабиялъул, лексикаялъул, грамматикаялъул, битIунхъваялъул, лъалхъул ишараби лъеялъул) нормабазул ва каламалъул этикаялъул къагIидабазул хIакъалъулъ авалиял баянал лъай.
4. Инсанасул гражданлъи ва гIаммаб культура бихьизабулеб гIаламат хIисабалда битIараб кIалзул ва хъвавул каламалдехун лъикIаб бербалагьи букIинаби.
5. ЗахIматал гурел текстал гIуцIулаго, бухьеналъулал масъалаби тIуразаризе, дандекколел мацIалъул алатал тIаса рищизеги, цогидазда кIалъалаго, цере лъурал мурадазул, масъалабазул ва мацIалъул алатазул хIисаб гьабизеги бажари.

**Курс лъазабун лъугIун хадуб кьолел хIасилал**

**ЦIалдохъаби ругьунлъула:**

- кIалзулги хъвавулги калам батIабахъизе;
- хIарпалги гьаркьалги ратIарахъизе;
- рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратIарахъизе;
- гьаркьал хIарпаздалъун рихьизаризе, гьаркьазул анализ гьабизе;
- геминатал битIун абизе ва гьел хIарпаздалъун рихьизаризе;
- лабиалиял гьаркьал битIун абизе, гьел хIарпаздалъун рихьизаризе;
- къокъаб тексталъулъ предложениял ратIа гьаризе;
- предложение гIуцIизе (бицун);
- предложениялъулъ рагIаби рихьизаризе;
- схемабаздаса пайдаги босун, рагIи слогазде биххизе;
- слогалккун рагIи цIияб мухъиде босизе;
- предложениялъул интонация цIунизе;
- тексталъул тема баян гьабизе, гьелъул аслияб пикру загьир гьабизе, текст бицине;

**Курсалъул материал Хъвай-цIали малъи**

Хъвай-цIали малъи гIуцIун буго кIиго бутIаялдасан:

1. ХIадурлъиялъул заман.
2. ХIарпал малъулеб (букварияб) заман.

Хъвазе-цIализе малъула гьаркьилаб аналитикиябгун синтетикияб методалдалъун. Хъвай-цIали малъи ккола цадахъаб тадбир: цIализе малъиялда цадахъ хъвадаризеги ругьун гьарула, гьебги щулалъизе гьабула калам цебетIезабиялъул хIалтIаби тIоритIулаго, ай гьаркьаздасан рагIи, рагIабаздасан предложение, предложениял дандран хабар гIуцIизе ругьун гьарулаго.

**Фонетика.**

Каламалъул гьаркьал ва гьезул характеристика. РагIул магIнаги гьелъул гьаркьилаб гIуцIиги цоцада рухьарал рукIин бичIчIи. РагIулъ жалго жидедаго чIарал гьаркьал рихьизари. РагIулъ гьаркьазул къадар ва тартиб чIезаби, сипат-суратаблъулалгин символиял схемабазулъ гьел хъвай. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратIа гьари. Гьел схемабазулъ рихьизари. Абиялъул бищунго гьитIинаб бутIа хIисабалда слог. РагIаби слогазде риххи, рагьарал, къарал ва рахарал слогал. Ударение. РагIулъ ударение тIаде кколеб бакI бихьизаби, ударение бугелги ударение гьечIелги слогал ратIа рахьи, РагIабазул слогалъулабгин гьаркьилаб анализ гьабизе (рагIулъ гьаркьазул къадар чIезабизе, рагIул бетIералда, бакьулъ, ахиралда букIаниги, гьеб гьаракь бугеб бакI лъазе, ударение бугеб слог бихьизабизе) лъай.

**Графика.**

Гьаркьал ва хIарпал ратIа рахьи: хIарп гьаркьил ишара ккола. Гьаркьал хIарпаздалъун рихьизаризе бажари. Е, ё, ю, я рагьарал хIарпал. Ъ гьаракь ва х1арп. Ь хIарп. Гьез тIубалеб хъулухъ. Авар алфавиталъулгун (хIарпазул тартибалъулгун) лъай-хъвай гьаби.

**ЦIали.**

Слогалккун цIалиялъул бажари лъугьинаби. Лъимералъул хасаб темпалда дандекколеб хехлъиялда слогалккун ва рагIабиккун цокIалаяб цIали. РагIаби, рагIабазул дандраял, предложениял ва къокъал текстал бичIчIун цIали. Лъалхъул ишарабазда рекъон лъалхъи гьабун ва интонация цIунун, цIали. ЗахIматал гурел гьитIинал текстал ва кучIдул бичIчIун ва пасихIго цIалиялъул бажари цебетIезаби. Живго жиндаго чIун яги мугIалимасул кумекалдалъун цIалараб текст, такрар гьабун (ай цIидасан), бицин. РагIаби, къокъал предложениял, захIматал гурел гIитIинал текстал гIедегIичIого битIун цIализе ругьун гьари. МугIалимас абун яги тIаде балагьун, хъвараб жо хал гьаби мурадалда хал ккезе, битIунхъваялъул къагIидабиги цIунун, цIализе ругьун гьари.

**Хъвадари.**

Хъвадарулаго битIун гIодор чIезе, тетрадь партаялда лъезе, ручка, къалам битIун ккезе лъимал ругьун гьари. КIудиял ва гьитIинал хIарпал битIун хъвазе ва гьел рагIабазулъ цолъизаризе бажари. Гигиеналъул нормабиги цIунун, хIарпал, слогал, рагIаби, предложениял

хъвазе ругьун гьари. БацIцIадаб ва бичIчIулеб (ай бигьаго цIализе кIолеб) хатIалъ хъвадаризе лъай. Цин мугIалимас тетрадазда кьурал, цинги азбукаялда ругел рагIаби ва предложениял, тIаде балагьун, хъвазе лъай. МугIалимас абурал рагIухъе хъвалел рагIаби ва гьединал рагIабаздаса данде гьарурал предложениял хъвазе бажари. Текст, тIаде балагьун битIун хъваялъул тартиб ва къагIидаби лъай. ХIарпаздалъун рихьизаруларел графикиял гIаламатаз (ай рагIабазда гьоркьоб хутIараб чIобогояб бакIалъ, рагIаби цо мухъидаса цоги мухъиде рикьун росиялъул ишараялъ) тIубалеб хъулухъ бичIчIи.

**РагIи ва предложение.**

РагIи анализ гьабиялъул материал ва цIех-рех гьабиялъул предмет (ай объект) кколеблъи бичIчIи. РагIул лексикияб магIнаялда хадуб халкквей.РагIи гьаркьаздасан гIуцIун букIунеблъи лъай. Цоцазулгун гьоркьоблъи гьабиялъулъ рагIул бугеб кIвар лъай. Предметал, предметазул гIаламатал ва предметазул ишал рихьизарулел рагIаби каламалъулъ битIун хIалтIизаризе бажари. РагIаби ва предложениял ратIарахъизе бажари. Предложениялъулъ рагIаби ратIа гьаризе, гьезул тартиб хисизе бажари. Предложениялъулъ интонация цIунизе лъай.

**БитIунхъвай.**

ТIоцебесеб классалда гьал хадусел битIунхъваялъул къагIидабазулгун лъай-хъвай гьабула:

- рагIаби ратIатIун хъвай;
- геминатал ва лабиалиял гьаркьал хIарпаздалъун рихьизари;
- хасал цIаразул бетIералда ва предложениялъул авалалда кIудияб хIарп хъвай;
- рагIаби слогалккун цо мухъидаса цоги мухъиде роси;
- предложениялъул ахиралда лъалхъул ишараби. Калам цебетIезаби.

Тексталъул хIакъалъулъ авалияб бичIчIи. Тексталъулъ предложениял ратIа гьари. Тексталъулъ предложениял цолъизари. ГIенеккун рагIараб ва жинцаго цIалараб текст бичIчIи. Берзулгин сипатиял мисалазул (моделазул) кумекалдалъун каламалъул хIакъалъулъ авалияб бичIчIи лъугьин. Схемазул кумекалдалъун калам магIна бугел бутIабазде биххи. Предложениялдасан бухьараб текст гIуцIи. Жиндир гIумруялъулъ ккарал лъугьа-бахъиназул, хIаязул хIакъалъулъ, сюжетияб сураталдасан гьитIинабго хабар херхине бажари. БицанкIабазе жавабал кьезе, кучIдул рекIехъе лъазаризе; кицаби, абиял каламалъулъ хIалтIизаризе, рекIехъе лъазарурал кучIдул пасихIго рикIкIине бажари.

## Авар мацIалъул курс

**Курс лъазабун лъугIун хадуб кьолел хIасилал**

**Напсиял хIасилал:**

школалдехун ва цIалиялдехун бугеб бербалагьи цIикIкIинаби;

мугIалимасул, цадахъ цIалулел гьалмагъзабазул ва эбелинсул рахьалъан щвараб кьиматги хIисабалде босун, жинца жиндиего кьимат кьезе бажари;

инсанасул напсалъул лъикIаб хасиятги обществоялда гIадамазул гIумруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб рахъ лъалеблъиги бихьизабулел кIвар ва магIна бугел мурадал цере лъей.

**Метапредметиял хIасилал:**

рахьдал мацI гъваридго лъазабиялдалъун сверухъ тIабигIаталда нахъгIунтIи;

цо сундулниги анализ гьабизеги, гьеб гIаммлъизабизеги, тIелаздебикьизеги, релъьаралда дандекквезеги, гьелъулъ къваригIараб жо балагьизеги, гьеб хисизеги бугеб бажари лъугьин;

информациялъулаб культураялда бухьарал (ай цIализе, хъвадаризе, цIалул тIехьгун хIалтIизе бугел) бажариял куцай;

цо сундулниги план гьабизе, гьелда хадуб хал ккезе, гьелъие кьимат кьезе, мухIканго мурад лъезе, гъалатIал ритIизаризе бугеб бажари лъугьин;

мацIалъул бечелъи бичIчIи ва щулияб гьоркьоблъи гьабизе гьелдаса пайда босизе бажари;

хурхен гьабиялъул батIибатIиял масъалаби тIуразариялъе гIоло каламалъул ва мацIалъул алатал хIалтIизаризе щвалде щун лъай;

**Предметиял хIасилал:**

Рахьдал мацӀалъул курс лъазабулаго, лъабабилеб классалъул цӀалдохъаби ругьунлъула:

авар мацӀалъе хасиятал гьаркьал (хӀарпал): хl, гъ, кь, къ, ml ва гь. ц., гьединго геминатал ва лабиалиял гьаркьал рихьизарулел хӀарпал къосинчӀого ритӀун рахъизе ва гьел гьорлъ ругел рагӀаби, предложениял, гьалатӀ биччачӀого, чвахун цӀализе;

рагӀаби, предложениял, 40–50 рагӀи бугел текстал, гьалатӀал риччачӀого, битӀун хъвазе;

рагӀул фонетикияб разбор гьабизе: рагӀаби слогазде риххизе, ударение бугелги гьечӀелги слогал ратӀа рахъизе, рагьарал ва рагьукъал хӀарпал ратизе, рагӀулъ гьезул къадар чӀезабизе;

рагӀул гӀуцӀияльул разбор гьабизе (кьибил, аслу, суффикс, ахир ратӀа рахъи);

батӀибатӀиял каламалъул бутӀабазул кьибил цоял рагӀаби тӀаса рищизе;

каламалъул бутӀаби ва гьезул грамматикиял гӀаламатал рихьизаризе;

предметиял цӀаразул гӀемерлъул форма лъугьинабизе;

предметиял цӀарал падежазде сверизаризе;

предметияб цӀаралъул жинсалда ва формаялда рекъон прилагательноял жинсазде ва цолъул ва гӀемерлъул формаялде хисизе;

къадаралъул ва иргадул рикӀкӀенал цоцаздаса ратӀа рахъизе ва гьел битӀун хъвайзе;

глаголал заманабазде хисизе;

текстазулъ синонимал ва антонимал ралагьизе ва хӀалтӀизаризе (терминал чара гьечӀого лъазе кколаро);

предложениялда жаниб суалаздалъун рагӀабазда гьоркьоб бухьен чӀезабизе, рагӀабазул дандраял ратизе;

предложениязул синтаксисияб разбор гьабизе (Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде ва интонациялде балагьун, предложениязул тайпаби рихьизаризе, бетӀерал ва бетӀерал гурел членал ратӀа рахъизе, суалазул кумекалдалъун гьезда гьоркьоб бухьен чӀезабизе, гӀадатаб тӀибитӀараб ва кӀиго предложениялдасан гӀуцӀараб жубараб предложение бихьизабизе);

предложениялъул интонация цӀунизе;

текст бутӀабазде биххизе, магӀна бугеб тексталъул бутӀа цӀияб мухъидаса хъвазе;

тексталъулъ предложениязда гьоркьоб бухьен чӀезабизе;

темаяда мугъги чӀван, тексталъе цӀар лъезе, тексталъул аслияб пикру загьир гьабизе;

рагӀабазул дандраялъулъ аслиябги нахъбилълъарабги рагӀи батизе;

киназго цадахъ гӀуцӀараб планалда рекъон ругьунлъиялъул изложение хъвазе;

тексталъул тайпа бихьизабизе, ай хабариял, сипатиял ва пикриял текстал цоцаздаса ратӀа рахъизе;

цебекунго хӀадурлъиги гьабун, тӀабигӀаталъухъ халкквеялъул хӀакъалъулъ, сюжетияб сураталда тӀаса сочинение хъвазе;

лъилниги, сундулниги хӀакъалъулъ сипатсурат гьорлъе ккезабун, ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, текст гӀуцӀизе.

## Авар мацӀалъул курс

**КӀиабилеб классалда малъараб материал такрар гьаби**

МацӀалъул ва каламалъул бутӀа хӀисабалда текст, предложение ва рагӀи. Предмет, предметалъул гӀаламатал ва предметалъул ишал рихьизарулел рагӀаби. Гьаркьал ва хӀарпал. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Е, ё, ю, я рагьарал хӀарпал. Геминатал ва лабиалиял гьаркьал

**Предложение. РагӀабазул дандрай.**

Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде балагьун, предложениялъул тайпаби: хабарияб, суалияб ва тӀалабияб. Интонациялде балагьун, ахӀул предложение. Предложениялъул бетӀерал членал: подлежащее, сказуемое ва битӀараб дополнение. Предложениялъул бетӀерал гурел членал. Предложениялъулъ рагӀабазда гьоркьоб бугеб бухьен. ГӀадатал тӀиритӀарал ва тӀиритӀичӀел предложениял. Предложениялъул ахиралда тӀанкӀ, суалияб ва ахӀул ишара. ГӀадатал ва журарал предложениял. РагӀабазул дандрай. РагӀабазул дандраязулъ аслиябги нахъбилълъарабги рагӀи. РагӀабазул дандраязулъ рагӀабазда гьоркьоб бугеб бухьен.

**Текст.** Текст, тексталъул гӀаламатал: тема, аслияб пикру загьир гьаби, цӀар лъей.

**РагӀул гӀуцӀи.**

МагӀна гӀагарал рагӀаби. РагӀул магӀнаял бутӀабазул (кьибилалъул, ахиралъул, аслуялъул ва суффиксалъул) хӀакъалъулъ гӀаммаб бичӀчӀи. Ахиразул кумекалдалъун рагӀул форма хисиялда ва суффиксазул кумекалдалъун цӀиял рагӀаби лъугьиналда хадуб хал кквей. Кьибил цоял рагӀаби ва цого цо рагӀул формаби (дандекквей). РагӀул аслуялъулъ кколел рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хисабасиял (лъайхъвай гьаби).

**Лексика.**

РагӀул лексикияб магӀна (гӀаммаб бичӀчӀи). ГӀемер магӀнаялъулал рагӀаби. БитӀараб ва хъвалсараб магӀнаялда рагӀаби хӀалтӀизари. Синонимал. Антонимал.

**Каламалъул бутӀаби.** Предметияб цӀаралъулгун, прилагательноялъулгун, глаголалъулгун, рикӀкӀеналъулгун, цӀарубакӀалъулгун , наречиялъулгун гӀаммаб лъайхъвай гьаби.

**Предметияб цӀар.** Предметияб цӀаралъул магӀна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тӀубалеб хъулухъ. Хасал ва гӀаммал предметиял цӀарал. Хасал предметиял цӀаразул бетӀералда кӀудияб хӀарп. Предметияб цӀаралъул жинс: чиясул, чӀужуялъул ва гьоркьохъеб. Предметияб цӀаралъул цолъул ва гӀемерлъул форма. ГӀицӀго цолъул формаялда хӀалтӀизарулел яги гӀицӀго гӀемерлъул формаялда хӀалтӀизарулел предметиял цӀарал. Предметиял цӀарал падежазде свери (асл.п., акт.п., хас.п., кьов.п. ва жинда п.)

**Прилагательное.** Прилагательноялъул магӀна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тӀубалеб хъулухъ. Прилагательноялгун предметиял цӀарал рухьун рукӀин. Цого яги гӀагашагараб магӀнаялъулги гӀаксаб магӀнаялъулги прилагательноял. Прилагательноялантонимал каламалъулъ хӀалтӀизари. Прилагательноял жинсазде хиси. Прилагательноял формабазде хиси.

**РикӀкӀен.** РикӀкӀеналъул магӀна ва гьелъие лъолел суалал (чан? чанабилеб? чанабилей? чанабилев? чанабилел?). Къадаралъул ва иргадул рикӀкӀенал ва гьезул битӀунхъвай.

**Глагол.** Глаголалъул магӀна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тӀубалеб хъулухъ. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал (лъайхъвай гьаби). Жинсиял глаголал предметияб цӀаргун рекъон ккей. Глаголалъул мурадияб форма. Глаголал заманабазде хиси: бачӀунеб, гьанже, араб, гӀахьалаб заман. Цого яги гӀагашагарал магӀнаялъул глаголалги гӀаксаб магӀнаялъул глаголалги (синонимал и антонимал). Цо ва гӀемер магӀнаялъул глаголал. БитӀараб ва хъвалсараб магӀнаялъул глаголал каламалъулъ хӀалтӀизари.

**ЛъагӀалида жаниб малъараб материал лъазаби.** Текст ва предложение. РагӀул магӀнаял бутӀаби. Каламалъул бутӀаби.

**Берцинго хъвай.**

Берцинго хъвазе, хатӀ куцазе цересел классазда щвараб бажари щула гьаби. Хъвазе захӀматал гьитӀинал ва кӀудиял хӀарпазул ва гьезул цолъиязул мисалиял группаби:

I) з, к, ж, в, ч, б, д, у, я, кl, къ, кь, кв;

2) Г, П, Т, Р, З, Е, Ю, У, Д, Ф, К, В, КI, Кь, Къ, Кв;

3) Пп, Чч, Рр, Вв, Ее, Зз, Уу, Къкъ, Кькь, КIкI, Кв, ккв, Ол, ое, во, вл, се, ква, хIу, хIо, гьа, гье, гьо, цI, Щв, ХIа, Гьи, Гьо, ТIа, Ге, Бе, КIа.

ГьитIиналго текстал, предложениял, рагIаби берцинго ва рацIцIадго хъвазе ругьун гьари.

**БитIун хъвазе захIматал рагIаби:** хIукму, сихIру, макру, гIазу, магIу, макьу, сабру, гIакълу, рагьу, квердаххелал, квасквас, габурбухь, рицIигъветI, рицIимахIу, гIачимухъ, цIоросарикIкI, цIумагъеду, ордек, председатель, приказ, радио, общество, солдат, республика, автономия, агъазгьечI, адабхъатир, бижарабжо, годекан, гьабугьин, гьабсагIат, гIададакъад, эбелинсул, костюм, кIийихъан, кIикIвенкь, кIиабилеб, анцIила лъабабилеб, анцIила щуго.

# Календарно-тематикияб план родной язык

| №<br>х\ц | Дарсил тема | КЪо –моц! | | Саг1ат | Рокъобе х!алт!и |
|---|---|---|---|---|---|
| | | П | Ф | | |
| 1. | Такрар гьаби. Предложение. Предложениялъул тайпаби.Бет!ерал ва бет!ерал гурел членал | | | 1 | Алфавит рек!ехъе №5 гьум8 |
| 2. | Предметияб ц1ар. Предметияб ц1аралъул жинс ва форма. Предметияб ц1аралъул цолъул ва г1емерлъул форма | | | 1 | №10 гьум.10<br>№28 гьум.17 |
| 3. | Диктант. | | | | такрар гьаби |
| 4. | Предметияб ц1аралъул г1адатал падежал. Аслияб падеж. Актив падеж. | | | 1 | №37 гьум.21 |
| 5. | Хаслъул падеж-лъил, сундул? | | | 1 | №52 гьум.27 |
| 6. | Кьовул падеж- лъие, сундуе? | | | 1 | №57 гьум.29 |
| 7. | Диктант | | | 1 | такрар гьаби |
| 8. | Бак1алъул падежал. Лъиде? Лъида? Лъихъ? (хъе?хъан?) Сундухъ? (хъе?хъа(н)? Лъилъ?Лъилъе? Лъилъа(н)? Сундулъ? (-е?-ан?) Лъикьа? Сундукь?(е,а), Киб? Кибе? Киса?(н) | | | 1 | №77 гьум.36 №86 гьум.39 |
| 9. | Изложение «Гороч» | | | 1 | гьум.42-текст |
| 10. | Предметияб ц1ар такрар гьаби | | | 1 | №94 гьум.43 |
| 11. | Прилагательноялъул жинс. Прилагательноялъул форма хиси. Прилагательноял синонимал ва антонимал. | | | 1 | №111 гьум.50<br>№122 гьум.54 |
| 12. | Диктант. | | | 1 | такрар гьаби |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 13. | КаламалъулбутIа хIисабалда цIарубакI.  К1иабилеб гьумералъул ц1арубак1ал Лъабабилеб гьумералъул ц1арубак1ал Ц1арубак1азул бит1унхъвай | | | 1 | №134 гьум.58  №150 гьум.67 |
| 14. | Сураталдасан сочинение | | | 1 | гьум.68-Цер ва гъеду |
| 15. | Глагол. Глаголал синонимал ва антонимал Глаголалъул  заманаби. Араб заман. Бач!унеб заман. | | | 1 | №168 гьум.74 №201 гьум.86 |
| 16. | Составиял глаголал. Гьанже заман. Бач1унеб заман. Г!ахьалаб заман. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал. Глаголазул ахиралда –ине, -изе. | | | | №212 гьум.91 №223 гьум.95 |
| 17. | Тайпа цоял членал. Тайпа цоял членал цолъизарулеб куц | | | 1 | №255 гьум.109 №270 гьум.115 |
| 18. | Диктант. | | | 1 | такрар гьаби |

**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**
**Министерство образования и науки Республики Дагестан**
**ГКУ РД "ЦОДОУ ЗОЖ"**
**ГКОУ "Ибрагимотарская СОШ Тляратинского района"**

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
|---|---|---|
| на заседании ШМО начальных классов. Руководитель ШМО | Зам. директор по УВР | Директор школы |
| ____________ Шамсудинов М. И. | ____________ Магомедмусаева М. И. | ____________ Омарова З. М. |
| Протокол №1 от «31» 08 2023 г. | № 1 от «31» 08. 2023 г. | Приказ № 20 от «1» 09 2023 г. |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

**учебного предмета «Родной язык»**
для учащихся 4 класса

**с. Ибрагимотар 2023 год**

**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**
**Министерство образования и науки Республики Дагестан**
**ГКУ РД "ЦОДОУ ЗОЖ"**
**ГКОУ "Ибрагимотарская СОШ Тляратинского района"**

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
|---|---|---|
| на заседании ШМО начальных классов. Руководитель ШМО | Зам. директор по УВР | Директор школы |
| ________ Шамсудинов М. И. | ________ Магомедмусаева М. И. | ________ Омарова З. М. |
| Протокол №1 от «31» 08 2023 г. | № 1 от «31» 08 2023 г. | Приказ № 20 от «1» 09 2023 г. |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

**учебного предмета «Родная литература»**
для учащихся 4 класса

**с. Ибрагимотар 2023 год**

**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**Министерство образования и науки Республики Дагестан**

**ГКУ РД "ЦОДОУ ЗОЖ"**

**ГКОУ "Ибрагимотарская СОШ Тляратинского района"**

| | | |
|---|---|---|
| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
| на заседании ШМО начальных классов. Руководитель ШМО | Зам. директор по УВР | Директор школы |
| ______________________ | ______________________ | ______________________ |
| Шамсудинов М. И. | Магомедмусаева М. И. | Омарова З. М. |
| Протокол №1 от «31» 08 2023 г. | № 1 от «31» 08 2023 г. | Приказ № 20 от «1» 09 2023 г. |

**РАБОЧАЯ ПРОГРАММА**

**учебного предмета «Родная литература»**

для учащихся 4 класса

**с. Ибрагимотар 2023 год**

## Авар адабият

## Программаялъе баян.

Программа хIадур гьабуна байбихьул школалда тIуразаризе хIисабалде росарал хIасилазулги, обществоялда чиясул хьвада-чIвадиясул къагIидабазда бухьараб концепциялъулги, Байбихьул школалъул лъай кьеялъул федералияб пачалихъияб стандарталъулги кьучIалда.

Адабияб цIали байбихьул школалъул системаялда аслиял предметазул цояб ккола. Гьелъ рахьдал мацIалда цIалиялъул махщел ва тексталда тIад хIалтIиялъул бажари лъугьинабула, художествияб литература цIалиялде интерес бижизабула ва лъимералъе рухIияб ва эстетикияб тарбия кьезе, гьесул гIакълу цебетIезабизе квербакъула. Гьединго литературияб цIалиялъул курс тIадегIанаб даражаялда лъазабиялъ рес кьола байбихьул классазул цогидал предметазда лъикIал хIасилал рихьизаризе.

Байбихьул школалъул литературияб цIалиялъул курс буссун буго гьал хадусел мурадал тIуразариялде:

- бичIчIун, битIун, чвахун ва пасихIго цIализе гъваридго лъазаби; батIи- батIиял тайпабазул текстазда тIад хIалтIизе бажаруледухъ, калам цебетIезаби; тIехьалдехун ва цIалиялдехун бугеб интерес щулалъизаби; цIалиялъул даража борхизаби ва, жалго жидедаго чIун, асарал цIалиялъулъги къваригIараб тIехь тIаса бищиялъулъги хIалбихьи букIинаби;

- художествиябгин творчествоялъулаб ва нахъгIунтIиялъулаб пагьмуги, художествиял асарал цIалулаго, чидае рекIел асар загьир гьабизе бугеб бажариги цебетIезаби; рагIудехун берцинаб (эстетикияб) балагьи лъугьинаби ва художествияб асар бичIчIизе бажари;

- художествиял асараздалъун байбихьул классазул цIалдохъабазул рухIияб хIалбихьи бечелъизаби; рухIияб асаралъул ва гьудуллъиялъулги, жавабчилъиялъулги, лъикIлъиялъулги, ритIухълъиялъулги хIакъалъулъ бичIчIиял куцай; Дагъистаналъул ва цогидал миллатазул культураялъул адаб-хъатир гьабизе цIалдохъаби куцай.

Байбихьул школалда предмет хIисабалда литературияб цIалиялъ лъимал цIализариялъул гуребги, гьезие тарбия кьеялъулги масъалаби тIурала.ЦIалдохъабазул ригьалъе хасал, рухIияб ва эстетикияб рахъалъ бечедал художествиял асараз цIалдохъабазе кIудияб асар гьабула, гьел асараз квербакъула миллияб ва киналго гIадамазе, ай тIолабго инсаниятальe данде кколеб хасият куцазе. Литературияб цIалиялъул дарсазда аслияб куцалъ кIвар кьола цIализе бугеб бажари лъугьинабиялде ва лъималазул калам цебетIезабиялде. ЦIалдохъабаз гъваридго лъазабула бичIчIун ва пасихIго цIализе, жалго жидедаго чIун, текстал цIализе; гьел ругьунлъула тIехьалъул хIасил бичIчIизе ва гьелдаса сверухъ бугеб тIабигIаталъул хIакъалъулъ щвараб лъай гIатIилъизабиялъе пайда босизе. Литературияб курс лъазабулаго, цIалдохъабазул хурхен гьабиялъулаб культураялъул (маданиятальул) даража борхула: гьезул лъугьуна монолог ва диалог гIуцIизеги, жиндирго пикру загьир гьабизеги, батIи-батIиял текстазда тIад хIалтIизеги, жалго жидедаго чIун, учебникалъул баян кьолеб аппаратaлдаса пайда босизеги, словаразулъ къваригIараб информация балагьизеги бугеб бажари. Литературияб цIалиялъул дарсазда цIалдохъан ругьунлъула битIун, гъалатIал риччачIого, цIализе. БитIун, чвахун цIализе бажарулеб лъимералъе гьоркьоса къотIичIого тIахьал цIализе рокьула, гьесда лъала текстал цIалиялъул ва гьелгун хIалтIиялъул къагIидаби, гьединго гьесда бажарула цIаларал асаразул хIасил бичIчIизе, живго жиндаго чIун, жиндие къваригIараб тIехь тIаса бищизе ва гьелъие къимат кьезе. Литературияб цIалиялъул курсалъ цIалдохъабазул художествиял асарал цIалиялде интерес бижизабула. ЦIалдохъаби ругьунлъула поэзиялъулаб рагIул берцинлъи бичIчIизе, рагIул искусствоялъул сипат-сураталъе къимат кьезе.

Къокъго абуни, «Литературияб цIали» абураб предметалъ байбихьул классазда гIемерал, кIвар бугел масъалаби тIурала ва гьитIинаб лъимер гьоркьохъеб школалда лъикI цIалдезе хIадур гьабула.

## Курсалъул гIаммаб характеристика.

ЦIалул дарсал гьарула тIоцебесеб классалдаса байбихьун (хIарпал малъулеб заман лъугIун хадуб), гьоркьоса къотIичIого, ункъабилеб класс лъугIизегIан. ЦIализе ругьун гьарулаго, мугъчIвай гьабула, тIоцебесеб классалда «Азбука» малъулаго, лъималазе щвараб лъаялдеги бажариялдеги.ЦIалул курс гIуцIун буго магIарулазул, гIурусазул ва дагъистаналъул цогидал миллатазул хъвадарухъабазул ва шагIирзабазул художествиял асараздасан. Гьединго цIалул курсалъулъ кьун руго гIелмиялгин нахъгIунтIиялъулал асаралги. Художествиял ва гIелмиялгин нахъгIунтIиялъулал асарал дандекквеялъ квербакъула литературияб искусство жеги гъваридго бичIчIизе.

Литературияб цIалиялъул хIасил программаялъулъ гьал хадусел бутIабазде бикьун буго:

1. Каламалъул тайпаби. Каламалъул культура; 2. Текталда тIад гьабулеб хIалтIул тайпаби; 3. Художествияб асаралда тIад хIалтIи; 4. ЦIализе кколел асарал. ЦIалиялъул культура.

ТIоцебесеб «Каламалъул тайпаби. Каламалъул культура» абураб бутIаялъулъ хъвазе ва цIализе, гIенеккизе ва гаргадизе бугеб бажариялде, ай каламалъул киналго тайпаби камиллъиялде кIвар буссинабун буго.

Программаялъ тIалаб гьабулеб буго I–IV классазда щибаб цIалул дарсазда битIун, чвахун, бичIчIун ва пасихIго цIалиялъул бажари камил гьабизе. Гьединаб бажари лъугьуна батIи-батIиял асарал, гьезул бутIаби гьоркьоса къотIичIого цIалиялдалъун.

I классалда лъималазда лъазе ккола гIедегIичIого, бичIчIун ва битIун гIисинал текстал рагIабиккун цIализе. Гьелдаго цадахъ цIалул дарсазда цIикIкIараб кIвар кьола гьаркьал ритIун рахъиялде. ЦIалул хехлъи минуталда жаниб гIага-шагарго 20–25 рагIуде бахуна.

II классалда лъималаз гIисинал текстал рагIабиккун (захIматал рагIаби слогалккун) цIалула. ЦIалул хехлъи, I классалда дандеккун, цо минуталда жаниб 30–40 рагIуде бахуна.

III классалда текстал рагIабиккун ритIун, ричIчIун ва чвахун цIалула. ЦIалулаго, логикияб ударение лъезе, кколелъуб лъалхъи гьабизе, интонация цIунизе. ЦIалул хехлъи минуталда жаниб 50–60 рагIуде бахуна.

IV классалда киналго цIалдохъабаз хехго, ритIун, ричIчIун, рагIабиккун текстал цIалула. Слогалккун цIалиялъул магIна ккола цIалдохъаби цIалулъ нахъахутIи. ЦIалул хехлъи минуталда жаниб 70–80 рагIуде бахуна.

ЦIализе малъиялда цадахъ программаялъ кIвар буссинабула накъиталъе гIахьаллъи гьабулев чиясда гIенеккизе, гьес бицараб жоялъул анализ гьабизе, гьелдаса аслияб, кIвар бугеб батIа бахъизе, гьединго бицараб жо мухIкан гьабизе, суалал кьезе бугеб бажари лъугьинабиялде. Программаялда кьураб материалалъ квербакъула гаргадизе (ай жиндирго пикру загьир гьабизе, суалал лъезе ва гьезие жавабал кьезе, диалогалъулъ гIахьаллъизе, монолог гIуцIизе) бугеб бажари цебетIезабизеги. ЦIалдохъаби ругьунлъула жидеда цебе мурад лъезе, бицунеб жоялда хадуб халккезе, гьелъие къимат кьезе, цогидазухъ сабурго гIенеккизе ва гь.ц. Программаялда кIудияб кIвар кьола хъвазе бугеб бажари цебетIезабиялдеги. ЦIалул дарсазда цIалдохъаби ругьунлъула жидецаго текстал гIуцIизе, цIаларал хабариял, сипатиял ва пикриял текстазул кьучIалда изложениял ва къокъал сочинениял хъвазе. Программаялъул кIиабилеб бутIаялъулъ цIалдохъабаз лъай-хъвай гьабула ***тексталда тIад гьабулеб хIалтIул тайпабазулгун***. Гьел ругьунлъула текст бутIабазде биххизе, гьел бутIабазда цIарал лъезе, план гIуцIизе, цIалараб текст къокъго ва тIубанго бицине, тексталъулъ аслияб пикру жидерго рагIабаздалъун загьир гьабизе. ЦIалдохъабазда лъала текстал хабариял, сипатиял ва пикриял рукIин. Гьезда бажарула тексталъул хIасилги бетIерги цоцазда рухьизе, цIалул, гIелмиялгин нахъгIунтIиялъулал ва художествиял текстал ратIарахъизе, гьезул бугеб кIвар бихьизабизе. Программаялъулъ хасаб бакI ккола ***художествияб асаралда тIад гьабулеб хIалтIиялъ***. Лъимал ругьунлъула художествиял ва нахъгIунтIиялъулал текстазулъ дунял бихьизабулел къагIидаби цоцаздаса ратIарахъизе (мугIалимасул кумекалдалъун), художествиял ва гIелмиялгин нахъгIунтIиялъулал текстазул хаслъаби ричIчIизе, жалго бетIергьанал текстал гIуцIизе.ЦIалдохъаби ругьунлъула художествияб асар бичIчIизе ва гьелъие къимат кьезе, гьеб гIелмиялгин нахъгIунтIиялъулал асараздаса батIабахъизе. Гьезда лъала художествиял асаразул хаслъаби.     Программаялда кьураб материалалда рекъон лъималаз чара гьечIого гьабизе ккола художествиял асаразул гIададатияб анализ: цин цIалдохъабаз текст тIубанго лъазабула, цинги гьеб цIалула ва гьелъул анализ гьабула, хадуб, художествиябгин эстетикияб къиматги кьун, байбихьи ва ахир, загьир гьабураб аслияб пикру тесталъул хIасилалда ва цIаралда дандеги ккун, цIидасан гьеб текстална кIвар буссинабула. Художествиял асаразул анализ гьабулаго, цIалдохъабаз лъугьа- бахъиназул тартиб чIезабула, героязулгун ва гьез гьарурал ишазулгун лъай-хъвай гьабула, жидергоги авторасулги герояздехун бугеб балагьи рагьула, цIалараб жоялъул аслияб пикру загьир гьабула. Гьединаб анализалъ квербакъула моралиябгин рухIияб бечелъи (ай гьудуллъи, адаб-хIурмат, лъикIлъи ва тIалаб-агъаз гьаби щиб кколебали) бичIчIизе.

Программаялъулъ бугеб материалалъ сверухъ тIабигIаталдаги хIайваназул хьвада-чIвадиялдаги хадуб халкквеялда бухьараб бажариги цебетIезабула.

***«ЦIализе кколел асарал. ЦIалиялъул культура»*** абураб бутIаялъулъ рихьизарун руго батIи-батIиял темаби ва гьезда тIасан цIализе кколел асарал. ЦIалдохъабаз цIализе кколел асаразда гьорлъе уна аваразул ва цогидал миллатазул рагIул устарзабаз хъварал, лъималазул гIумруялде гIагарал, гIисинал, художествиял ва гIелмиялгин нахъгIунтIиялъулал асарал. Программаялда рекъон лъималазда лъазе ккола литератураялъул киналго аслиял жанрал: маргьаби, кучIдул, харбал, абиял, кицаби, бицанкIаби, драмаялъулал асарал ва гь.ц.

Гьаниб кьураб тематика байбихьул школалъул гIелалъул лъималазде гIагараб буго. Тематикаялъул хIасилалъ сверухъ бугеб дунялалдехун интерес бижизабула, лъималазул кIвар буссинабула жидерго гIел бащададаздехун ва цIикIкIараздехун, тIабигIаталдехун, тарихалдехун, нилъер ватIаналъул культураялдехун бугеб гьоркьоблъиялде, гьединго тематикаялъ рес кьола батIи-батIиял автораз цого цо тематикаялда тIаса хъварал асарал дандекквезе. ЦIализе кьураб тематикаялъ лъимералъул сверухъ дунял бичIчIизе бугеб интерес гIатIилъизабула, цIализе бугеб махщел цIикIкIинабула ва цIалиялъул культура лъугьинабула. Гьелда тIадеги, цIализе кьурал асараз кIудияб кумек гьабула лъималазе рухIиябгин эстетикияб тарбия кьезе.

***ЦIалул планалда литературияб цIалиялъ ккураб бакI*** .

Литературияб цIалиялъе кинабниги кьун буго 135 сагIат. ТIоцебесеб классалда литературияб цIалиялъе бихьизабун буго 33 сагIат. 2 – 4 классазда 34 сагIат кьун буго (щибаб классалда 34 цIалул анкь, анкьида жаниб 1 сагIат).

***Курс лъугIун хадуб кьолел хIасилал***

Напсиял хIасилал

1. Жиндирго ВатIаналде, Россиялъул ва Дагъистаналъул миллатазде ва 18 Литературияб цIалиялъул курс хъвазе-цIализе малъун хадуб лъазабизе байбихьула. Литературияб цIалиялъул ва авар мацIалъул дарсал цоцазда ращадал рукIине ккола. гьезул тарихалде кIудияб рокьи бижизаби.
2. Цогидал миллатазул маданияталдехун ва гьезул тарихалдехун, гьединго батIияб пикруялдехун цIуна-къараб балагьи бижизаби.
3. ЦIалиялдехун лъимералъул интерес бижизаби.
4. Жинца гьарурал ишазул жавабчилъиги жибго жиндаго чIараб, цогиялда бухьинчIеб хасиятги цебетIезаби.
5. Эстетикияб бичIчIи лъугьинаби.
6. Цогидал гIадамазе кумекалъе хIадурав, нийт лъикIав, хIалхъублъи гьечIев, гIадамазе лъикIлъи гьабулев инсан вахъинави.
7. Лъиданиги цадахъ хIалтIизеги щулияб гьоркьоблъи гьабизеги бугеб бажари цебетIезаби, тIадкIалъай бугеб, дагIбадулаб ахIвал-хIалалдаса ворчIизе нух батиялъул бажари цебетIезаби.
8. Творческияб хIалтIуде гьира ккезаби, ай творческияб къагIидаялъ хIалтIизе бугеб бажари цебетIезаби.

Метапредметиял хIасилал

1. БатIи-батIиял жанразул ва тайпабазул текстал бичIчIун цIализе ругьунлъи, текстал кIалзул ва хъвавул формаялда гIуцIизе лъай.

2. Сверухъ тIабигIаталда нахъгIунтIизеги цогидазулгун бухьен гьабизеги каламалдаса пайда боси.

3. Накъиталъе гIахьаллъи гьабулев чиясухъ гIенеккизеги, диалогалъулъ гIахьаллъизеги, батIи-батIиял пикраби рукIиналъе мукIурлъизеги, жиндирго пикру загьир гьабизеги, гьелъие далил бачинеги разилъи.

4. Предметал дандекквезе, гьезул анализ ва синтез гьабизе, гьел гIаммлъизаризе, тIелазде рикьизе ва цоцада релълъинаризе лъай.

5. Предметазул ва предметазда гьоркьор ругел бичIчIиял лъай (цоцазулгун гьоркьоблъи, маданият, творчество, тIехь, асаралъул хIасил, художествияб текст ва гь. ц.); гуманитарияб (ай инсанасул, гьесул культураялъул, тарихалъул бицунел) ва эстетикияб (ай искусствоялда, дунялалда ва гIадамазул гIумруялда жаниб берцинлъиялъул, гьайбатлъиялъул хIакъалъулъ бицунел) предметазда гьоркьор ругел бухьенал ричIчIи.

6. ЦIалиялда цере лъурал мурадал ва масъалаби ричIчIизе ва гьел тIуразаризе лъай.

7. Цебе лъураб масъалаялда рекъон цIалиялда хурхарал хIалтIаби планалда росизе, гьезда хадуб хелкквезе ва гьезие къимат кьезе бугеб бажари лъугьинаби.

8. ЦIалулъ жиндирго лъикIал яги квешал хIасилал рихьизе бугеб бажари лъугьинаби.

9. Цебе лъураб мурад тIубаялъе гIоло цадахъ хIалтIизе бажари.

Предметиял хIасилал

1. Литература тIолабго дунялалъулаб ва миллияб культура гIадин бичIчIи, гьелъ рухIияб бечелъи ва гIадатал цIунулеллъи лъай.

2. ТIехь культурияб бечелъи букIин бичIчIи.

3. РагIул искусство гIадин художествиял асараздехун бербалагьи букIинаби.

4. МагIарулазул ва Россиялъул цогидал миллатазул литератураялъул рухIияб бечелъи бичIчIи.

5. Инсан цеветIезавиялъе литератураялъул бугеб кIвар бичIчIи; ВатIаналъул ва гьелъул халкъалъул, сверухъ тIабигIаталъул, культураялъул, лъикIлъи-квешлъиялъул, гьудул-гьалмагълъиялъул, ритIухълъиялъул хIакъалъулъ бичIчIи лъугьинаби; гьоркьоса къотIичIого цIалдезе кколеблъи бичIчIи.

6. ЦIалиялъул бугеб кIвар бичIчIи; цIалиялъул батIи-батIиял тайпабаздаса пайда боси (лъай-хъвай гьабиялъул, аслияб жо балагьиялъул, тIасабищул, лъазабиялъул); героязул хьвада-чIвадиялъе кьураб къимат хIужжабаздалъун кьучIаб букIин бихьизабизеги, гьоркьоб лъураб жоялда тIаса жиндирго пикру загьир гьабизеги, текстазул батIи-батIиял тайпаби ричIчIизеги, гьезие къимат кьезеги бажари.

7. Жиндие къваригIараб литература, живго жиндаго чIун, цогидазул кумек гьечIого, тIаса бищизеги цебе букIаралдаса цIикIкIараб информация бичIчIизе ва щвезе баян кьолел тIахьал (источникал) хIалтIизаризеги бажари.

8. БатIи-батIиял текстазул анализ гьабизе, ай гIиллаялъулабгин цIех- рехалъул бухьен чIезабизеги, асаралъул аслияб пикру загьир гьабизеги, текст бутIабазде биххизеги, гьел бутIабазда цIарал лъезеги, гIадатаб план гIуцIизеги, асаралъул загьирлъи, пасихIлъи бихьизабулел алатал ратизеги, текст жиндирго рагIабаздалъун цIидасан цIализеги бажари.

9. БатIи-батIиял текстазда тIад хIалтIизеги, цIалул ва художествиял, гIелмиялгин нахъгIунтIиялъулал текстазул хаслъаби рихьизаризеги бажари; художествиябгин творчествияб пагьму цебетIезаби; художествиял асаразда, суратазда тIасан яги жиндирго хIалбихьиялъул хIакъалъулъ живго бетIергьанаб текст гIуцIизе бажари.

***Курсалъул материал***

***Каламалда ва цIалиялда сверухъ гьарулел хIалтIабазул тайпаби***

***ГIенеккун (гIинтIамун) рагIараб жо бичIчIизе бажари (аудирование)*** Пинда рагIараб цогидазул калам бичIчIи. Цогидас цIалулеб асар гIенеккун дандрекъон кколеб хIалалъ бичIчIи. Пенеккун рагIараб асаралда тIаса лъурал суалазе жавабал кьезе бажари, лъугьа-бахъиналъул тартиб чIезаби, рагIараб каламалъул мурад бичIчIи, гIенеккун рагIарал гIелмиялгин нахъгIунтIиялъулал ва художествиял асаразда тIаса суалал лъезе бажари. Авторасул стилалъул хаслъиялдаги каламалъул пасихIлъиялдаги хадуб халкквезе бугеб бажари цебетIезаби.

***ЦIали***

***РагIизабун цIали.***

РагIабазулъ слогал ва хIарпал гьоркьор риччачIого ва гьел ругеб бакI хисичIого, рагIаби, предложениял ва текстал бичIчIун, битIун цIали. Слогалккун цIалиялдаса байбихьун дагь-дагьккун бичIчIун, битIун тIуранго рагIаби ва рагIабазул дандраял цIали; классалдаса классалде, тIубараб текст бичIчIуледухъ, цIалиялъул хехлъи цIикIкIинаби. КIудияб гуреб, гьитIинаб текст пасихIго цIали: цIалулаго битIун абиялъул ва интонациялъул нормаби цIуни; цIалиялъул мурад бичIчIи, цIалулев чиясул цIалараб асаралдехун бугеб гьоркьоблъи бихьизабизе бажариледухъ, интонациялдаса ва цоцазулгун бухьен гьабизе цере лъурал мурадазда ва масъалабазда рекъон хIинцлъизабун (хьадарлъизабун) яги хехлъизабун цIалиялъул темпалдаса пайда боси. Интонацияги цIунун, батIи-батIиял тайпаялъул предложениял цIали. БатIи-батIиял текстазул магIнаялъулал хаслъаби ричIчIи ва интонациялъул кумекалдалъун гьел рихьизари. КIудияб гьечIеб текст живго жиндаго чIун пасихIго цIализе бажари (цIалулаго данде кколеб гьаракь-бакъан ва хехлъи (темп) тIасабищизе, логикияб ударение битIун лъезе, лъалхъи гьабизе).

***Сасун цIали.*** Жанраялъул ва кIодолъи-гьитIинлъиялъул рахъалъ ричIчIизе бигьаял асарал рагIизабун цIалиялдаса дагь-дагьккун сасун цIалиялде рачIин. ЦIалараб тексталъул магIна бичIчIи. ЦIалиялъул тайпа чIезаби: лъазабиялъул, лъай-хъвай гьабиялъул ва тIасабищиялъул; тексталъулъ къваригIараб информация балагьи, гьелъул хаслъаби ричIчIи.

***БатIи-батIиял текстазда тIад хIалтIи***

### *IV класс*

ТIехьалдаса цIалараб жоялъул магIна жидецаго боси (аслияб пикру жидерго рагIабаздалъун загьир гьаби); тексталъул бутIабазул магIнаялъулаб бухьен чIезаби; цIарулал предложенияздалъун яги суалаздалъун хабаралъул план гIуцIи. Жидецаго гIуцIараб планалда рекъон яги аслиял рагIабазде мугъчIвайги гьабун, асаразул хIасил дурусго, къокъго, гIатIидго бицин; цо чIванкъотIараб суалалда тIасан хабар гIуцIизе тексталъул материал бати. Хабар бицунаго, магIнаялъул тартиб ва дурусльи цIуни. Хабаралъул героязул каламалъул хаслъабазухъ халкквей, гьезул ишал ва цогидаздехун ругел гьоркьорлъаби дандекквей. Героязул гIамал-хасияталъе ва рагIабазе къимат кьей, герояздехун ва гьез гIахьаллъи гьабулел лъугьа- бахъиназдехун авторасул ялъуни жидер бугеб бербалагьи загьир гьаби. Асаразда жанир кколел лъугьа-бахъиназул, героязул, сверухъ бугеб тIабигIаталъул сипат-сурат цебечIезабулел рагIаби рати (дандекквеял, эпитетал, метафорал, фразеологиял свераби). Харбазул, кучIдузул, маргьабазул, кицабазул, абиязул, биценкIабазул хIакъалъулъ I–III классазда щвараб лъай щула гьаби. Художествиял текстал гIелмиял ва нахъгIунтIиялъулал текстаздаса ратIарахъизе ругьун гьари.

### *Библиографияб культура*

ТIехь искусствоялъулаб хасаб тайпа. ТIехь – лъаялъул иццц. ЦIалул, художествиял ва къаригIарал баянал кьолел (справкаялъулал) тIахьал. ТIехьалъул бутIаби: тIехьалъул хIасил яги тIехьалъул бутIрул, титулалъулаб гьумер, аннотация, суратал.

Живго жиндаго чIун аннотация хъвазе бажари. ТIахьазул тайпаби: художествиял асаразул тIехь, тIехь мажмугI, данде гьарурал асаразул тIехь, цо ккураб заманалда бахъараб басма, баян кьолел тIахьал (справочник, ай сундулниги хIакъалъулъ къокъаб ва дурусаб баян босизе рес бугеб тIехь, словарал, энциклопедиял, ай, къокъ гьабун, гIемерал гIелмабазул баян кьолел тIахьал). Библиотекаялдаса жидее къваригIарал тIахьал росизе лъай. Лъималазул гIумруялде дандекколел словараздаса ва дурусаб баян босизе рес бугеб литератураялдаса пайда боси.

### *Художествияб асаралда тIад хIалтIи*

Художествияб тексталъул хаслъаби, ай гьелъул цогидазда релълъинчIел пасихIал, рекIелъе рортулел мацIалъул алатал рихьизари (мугIалимасул кумекалдалъун). Асаралъул хIасилги гьелъул цIарги дандрекъон кколеллъи бичIчIи. ЦIалараб асаралъул хIасил рухIиябгин эстетикияб букIин бичIчIи, героязул хьвада-чIвади ритIухъ гьабулеб гIилла бачинеги гьезул ишазе къимат кьезеги бажари. ПасихIал, рекIелъе рортулел мацIалъул алатаздаса (синонимаздаса, антонимаздаса, дандекквеяздаса, эпитетаздаса) пайдаги босун, живго жиндаго чIун, текст цIи гьабун бицин. Кьураб тексталъе хасаб лексикаялдаса пайдаги босун, гьеб тексталъул кIвар бугеб ва жибго жиндаго чIараб гIадаб цо лъугьа-бахъин цIи гьабун бицин (мугIалимасул кумекалдалъун). ТIахьазул текстазе суратаздалъун баян кьей. Асаралъул героясе характеристика кьей (гьесул сипат-сурат, хасаб тIабгI, хасият-гIамал, калам ва гьес гьарулел ишал рихьизари). Лъугьа-бахъиналъе ва героясе характеристика кьолел рагIаби ва предложениял тесталъулъ рати. Художествияб асаралъул героясул ишалъул анализ гьабизе ва гьеб иш ритIухъ гьабизе гIилла бачине бажари. Героязул ишал цоцазда дандекквей. Героялдехун авторасул бугеб бербалагьи тIатинаби. Художествиял асарал жиндирго рагIабаздалъун рицинальул къагIидаби лъай (дурусго бицин, гьоркьоса бищун бицин ва къокъго бицин). МухIканго, дурусго текст бицин (текст бутIабазде биххи, щибаб бутIаялъул ва тIубараб тексталъул аслияб пикру загьир гьаби, щибаб бутIаялъе ва тIубараб тексталъе цIарал кьей): тексталъул кесекалъул аслияб пикру загьир гьаби, кIвар бугел яги аслиял рагIаби рихьизари, цIарал лъей; план гIуцIи ва гьелда рекъон тIубанго текст мухIканго жиндирго рагIабаздалъун бицин.

Кьураб асаралъул кесек гьоркьоса бищун бицин: асаралъул героясе характеристика кьей (тексталъулъ героясул хIакъалъулъ хабар гIуцIизе рес кьолел рагIаби ва предложениял тIаса рищи), иш лъугьараб бакIалъул хIакъалъулъ бицин (тексталъулъ иш лъугьараб бакIалъул хIакъалъулъ бицине рес кьолел рагIаби ва предложениял тIасарищи). БатIи-батIиял асараздаса цоцада дандекколел героязул сипат-суратал, гьезул ишал ва гьез гIахьаллъи гьабулел лъугьа-бахъинал дандекквезе. ШигIриял асарал цIалулаго, гIисинал лъугьа-бахъинал, ишазул тIолалго рахъал рихьизе бугеб гьунар цебетIезаби. Лъугьа-бахъиназул ва сюжеталъул ин цебеккунго бичIчIиялъул бажари цебетIезаби.

### *ЦIалул, гIелмиялгин гIадатал хIасил бугел ва цогидалги текстазда тIад хIалтIи*

Асаралъул цIар ва гьеб цIар асаралъул хIасилалда дандрекъон кколеблъи бичIчIи. ЦIалул, гIелмиялгин гIадатал хIасил бугел текстазул хаслъаби, мухIкан гьарун, чIезари. БатIи-батIиял тайпабазул текстазул анализ гьабиялъул гIадатиял къагIидабазулгун лъай-хъвай гьаби: тексталъул аслияб пикру загьир гьаби, гIиллаябгин хIасилалъул бухьен чIезаби (гIилла гьечIеб хIасил букIунаро). Текст бутIабазде биххи. Гьел бутIабазул темаби баян гьари. КIвар бугел яги аслиял рагIаби ралагьи. Текст цIидасан бициналъул алгоритм гIуцIи. Схемаялда, моделалда, кIвар бугел, аслиял рагIабазда мугъги чIван, текст цIидасан бицин. Текст гIатIидго, ай дурусго бицин. Текст къокъго бицин (ай тексталъул хIасилалъулъ аслияб, кIвар бугеб жо бихьизаби). Справкаялъулаб (батIи-батIияб жоялъул баян кьолеб) материалалда, гIамлъизабулел суалазда ва цIалул тIадкъаязда тIад хIалтIизе бажари.

### *Гаргадизе, кIалъазе бажари (каламалъул культура)*

Диалог каламалъул тайпабазул цояб кколеблъи бичIчIи. Диалогалъул хаслъи: лъурал суалал ричIчIизеги, гьезие жавабал кьезеги, тексталда тIаса жинцаго суалал кьезеги, хабар-кIалалда вугев чиясул каламалъухъ, гьеб калам гьоркьоса къотIичIого, кIвар кьун гIенеккизеги, гьоркьоб лъураб асаралда тIаса хIеренго жиндир пикру загьир гьабизеги бажари. Каламалъул низам цIуни. КIалзул гьунаралъул халкъиял асаразул кьучIалда иш гьабиялъул, гIадамазда гъорлъ вукIиналъул низамалъулгун яги къагIидаялъулгун лъай-хъвай гьаби. РагIиялда тIад хIалтIи (рагIул битIараб ва хъвалсараб магIнаги гьелъул гIемер магIнаги букIин лъай), активиял рагIабазул нахърател дагьабги цIубазаби.Монолог каламалъул тайпабазул цояб кколеблъи бичIчIи. Лъурал суалазда яги кьураб темаялда тIасан кIудияб гьечIеб

калам гІуцІизеги ва гьелъул аслияб пикру загьир гьабизеги бажари. ЦІалараб ялъуни рагІараб жоялъул хІасил бицин.Жинца бицунеб пикруялъул план гІуцІи. Жинца бицунеб жоялъул мурадалда рекъон кІалъаялъул къагІидаби тІасарищи. Суратазда ва цІалараб яги кьураб темаялда тІасан кІалзул формаялда къокъаб хабар гІуцІи.

*Хъвадари (хъвавул каламалъул культура)*

Хъвавул каламалъул нормаби цІуни: хІасил цІаралда рекъонккезаби (гьелъулъ героязул гІамал-хасият, иш лъугьараб бакІ ва тема бихьизаби). Хъвавул каламалъулъ пасихІал, рекІелъе роpтулел мацІалъул алатал (синонимал, антонимал, дандекквеял) хІалтІизари. Хъвавул текст дурус гьаби. Кьураб темаялдаги, цІаларал асараздаги тІасан гьитІиналго сочинениял хъвай.

*ЦІализе кколел асарал*

МагІарулазул ва цогидал миллатазул рагІул устарзабаз хъварал, лъималазул гІумруялде гІагарал, гІисинал, художествиял ва гІелмиялгин нахъгІунтІиялъулал асарал. ЦІализе кколел асаразул жанрал: магІарулазул ва цогидал миллатазул халкъиял маргьаби, кучІдул, харбал, абиял, кицаби, бицанкІаби, абундачал, драмаялъулал асарал ва гь.ц. Тематикаялъ гьорлъе рачуна лъагІалил 4 заманалъул, ВатІаналъул, гьелъул тарихалъул ва тІабигІаталъул, нилъер хІайваназул ва хІанчІазул, лъикІлъиялъул, ритІухълъиялъул, вацлъиялъул ва гьудуллъиялъул, гІадамазул лъикІабги квешабги хьвада-чІвадиялъул, яхІ-намусалъул хІакъалъулъ, гьединго эркенаб захІматалъул, лъималазул гІумруялъул ва сахаватал ишазул, ракълие ва эркенлъиялъе гІоло къеркьолел бахІарзазул хІакъалъулъ бицунел асарал.

**IV класс**

**Бищунго кьарияб жо – рии, бищунго бечедаб жо – хасалихълъи**

Роол ва хасалихълъиялъул хІакъалъулъ рагІул устарзабаз хъварал асарал. Риидал рукІарал рекІелгъеязул ва хІухьба-хъиялъул, хаслихъе хурул ва ахил бачІин рукъалде буссина-биялъулъ цІалдохъабаз гьабулеб гІахьаллъиялъул гара-чІвари.

**Дунги дир гьалмагъзабиги** Лъималазул гІумруялъул, гьез гьабулеб гьудул-гьалмагъ-лъиялъул, захІматалдехун гьезул бугеб гьоркьоблъиялъул бицунел харбал, кучІдул, маргьаби ва кицаби.

**ТІабигІат цІуни** ГІагараб тІабигІат, рухІчІаголъаби ва рохьал цІуниялъул хІакъалъулъ рицунел харбал, кучІдул ва маргьаби.

**ЛъикІабин сунда абулеб, квешабин сунда абулеб?** ГІадамазул гьоркьорлъабазул, унго-унгоял гьудулзабазул ва гьалмагъзабазул, лъикІабги квешабги хьвада-чІвадиялъул, яхІ-намусалъул хІакъалъулъ рицунел харбал, кучІдул, маргьаби, кицаби, бицанкІаби ва абиял.

**Гьудуллъиялъ бахъулареб хъала букІунареб** Халкъазул вацлъиялъул ва гьудуллъиялъул бицунел кучІдул, харбал ва маргьаби.

**Хасел** Хасалил тІабигІаталъул хІакъалъулъ рагІул устарзабаз хъварал асарал.

**Халкъияб кІалзул гьунаралъул асарал** Аваразул ва цогидал миллатазул маргьаби, кицаби, абиял ва бицанкІаби.

**ТІабигІат берцинаб их** Ихдалил тІабигІат чІаголъулеб куцалъул, гьелъул берцинлъиялъ гьабулеб асаралъул, ихдалил байрамазул бицунел асарал.

**Нилъер адабият ва маданият** РухІияб ва материалияб маданияталъул, рукІа-рахъиналъул, захІматалъул, хьвада-чІвадиялъул, адабияталъул хаслъабазул, къагІидабазул, гІадатазул, гІумру гьабулеб куцалъул хІакъалъулъ бицунел асарал. МагІарул устарзабазул хІакъалъулъ харбал ва кучІдул (ГІоцІалъ, Унсоколо, РахатІа, ГІанди).

**МугІрузул улка** ДагъистаналъулмацІазул, халкъазул тарихалъул, эркенлъиялъе гІоло къеркьарал бахІарзазул (Шамилил, ГъазимухІамадил, ХІамзатил ва гь.ц.) биографиялъул хІакъалъулъ бицунел асарал. **Класс тун къватІисеб цІали**

**ЦІализе кколеб материал.** Аваразул ва цогидал миллатазул рагІул устарзабаз хъварал, лъималазул гІумруялде гІагарал гІисинал асарал.

**ЦІалул тематика.** ГІадамазул цоцадехун рукІунел гьоркьорлъабазул, лъикІабги квешабги хьвада-чІвадиялъул, яхІ-намусалъул, рухІияб ва материалияб маданияталъул, рукІа-рахъиналъул, Дагъистаналъул тарихалъул, халкъазул эркенлъиялъе гІоло къеркьарал бахІарзазул хІакъалъулъ бицунел асарал. **ТІехьалъулгун гьабулеб хІалтІи.** Лъималазда лъазе ва бажаризе ккола: лъималазул гІумруялда хурхараб тІехь балагьизе ва жидецаго цІализе; лъагІалил I бащалъиялда анкьида жаниб 3–6 гьумералде, лъагІалил II бащалъиялда 15–20 гьумералде рахарал асарал цІализе; цІалараб жоялъул къокъго хІасил бицине; мугІалимас кьураб ялъуни жидецаго гІуцІараб планалда рекъон героясул хІакъалъулъ хабар гІуцІизе.

**Адабияталъул теориялъул хIакъалъулъ лъазе кколел авалиял баянал (практикияб къагIидаялъ лъазаризе)** ПасихIал, рекIелъе ротулел мацIалъул алатал, ай синонимал, антонимал, эпитетал, дандекквеял, метафорал, олицетворениял тексталъулъ рати ва практикияб къагIидаялъ гьел ратIа гьаризе лъай (мугIалимасул кумекалдалъун). Художествиял асар, рагIул искусство, автор (хабар бицине гьунар бугев чи, хабар бицунев чи), тема, герой (гьесул сипат-сурат, гьес гьабураб иш, загьир гьарурал пикраби, гьесул калам); героялдехун авторасул бугеб бербалагьи гIадал литературиял бичIчIиял лъай (мугIалимасул кумекалдалъун). Хабариял, сипатиял ва пикриял текстазул гIуцIиялъул хаслъабазул хIакъалъулъ гIаммаб бичIчIи щвей. Прозаялъулаб (харбихъего хъвараб) ва шигIрияб калам, шигIрияб асаралъул хаслъаби рихьизари (ритм /гьаракь рекъей/, рифма). Асаразул жанр. КIалзул гьунаралъул халкъиял ва авторасул асарал (ратIарахъизе).

КIалзул гьунаралъул халкъиял асаразул гьитIинал жанрал (кинидухъ ахIулел кучIдул, абиял, кицаби, бицанкIаби ва абундачал): гьезул магIна бичIчIи, гьел цоцаздаса ратIарахъизе лъай. ХIайваназул, рукIа-рахъиналъулал ва гIажаибал маргьаби. Маргьабазул художествиял хаслъаби: маргьадулаб герой, пасихIал, рекIелъе ротулел мацIалъул алатал, гIуцIи. Литературияб (авторасул) маргьа.

Хабар, кечI – жанраялъул, гьезул гIуцIиялъул хIакъалъулъ гIаммаб бичIчIи.

| № | Календарно-тематикияб план родной литература<br>Тема урока | Къо-моц1 | | Саг1ат | Рокъобе х1алт1и |
|---|---|---|---|---|---|
| | | П | Ф | | |
| 1 | Маг1арулал. Щай дунялалда гьадиг1ан лъик1 бугеб? | | | 1 | Гьум.3-р Гьум.8-10 |
| 2 | Хасалихълъиялъул кеч1. Дица дададаги бицина. | | | 1 | Гьум.12-р Гьум.13-16 |
| 3 | Ц1унц1ра Берцинай . | | | 1 | Гьум.21-22 Гьум.22-23 |
| 4 | Гьабигьанасул лъимал Ват1ан. | | | 1 | Гьум.29-32 Гьум.35-пас. |
| 5 | Тамашаяб мокъокъ. Бурут1ги к1ертги. | | | 1 | Гьум.38-40 Гьум.43-45 |
| 6 | Г1одой къулун къочула. Алабердиги Пат1инаги | | | 1 | Гьум. 47-48-рек1. Гьум.69-71 |
| 7 | Алабердиги Пат1инаги. Халид нечадго гьимана. | | | 1 | Гьум.71-74 Гьум.76-79 |
| 8 | Ц1ияб сон. Гьит1инаб елка. Г1ондокь. | | | 1 | Гьум.92-96 Гьум.82-83-рек1. |
| 9 | Гьедин батани дун инецин инаро. Гьудуллъи. | | | 1 | Гьум.83-85 Гьум.86-87 |
| 10 | Бищунго къуватаб ярагъ. | | | 1 | Гьум.88-90 |
| 11 | Бищунго къуватаб ярагъ. Ц1алул хехлъиялъул хал гьаби.Эбелги т1инч1ги. | | | 1 | Гьум.90-92 Так.гьаб.Гьум.80-82 |
| 12 | Бищунго кутакаб жо. Ралъад щай хъудулеб? | | | 1 | Гьум.97-99 Гьум.101-104 |
| 13 | Атик ,Батик ,бече, ц1ц1е. Лъабго ц1ц1е. | | | 1 | Гьум.105-107-рек1. Гьум.108-110 |
| 14 | Гьабигьанги гьобоги. Нилъер умумузул г1акълаби. | | | 1 | Гьум.113-114Гьум.115-116 |
| 15 | Их. Ихдалил кеч1. Памятник. | | | 1 | Гьум.58-62 |
| 16 | Яс хвасар гьайи. Гьари - рекъараб, бикъи - сурараб. | | | 1 | Гьум.122-125 Гьум.125-128 |
| 17 | Сапар. Дагъистан. | | | 1 | Гьум.137-133 Гьум.134-р. |